ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ

БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ

ҚАРАҚАЛПАҚ ФИЛОЛОГИЯСЫ ФАКУЛЬТЕТИ
ЖУРНАЛИСТИКА КАФЕДРАСЫ

УЗАҚБЕРГЕНОВА ГУЛМИРАНЫҢ

**«Заманагөй басқышта интернет жанрлары системасының раўажланыўы»**

атамасында 5А320101 – Журналистика (хызмет түрлери) қәнигелиги бойынша магистр дәрежесин алыў ушын таярлаған

# МАГИСТРЛИК ДИССЕРТАЦИЯСЫ

**Илимий басшы:**
**филология илимлериниң**
**докторы, профессор Ф.А.Мўминов**

**НӨКИС – 2010**

**ЖОБАСЫ:**

КИРИСИЎ……………………..…………………………………………………..…3
1.БАП. ИНТЕРНЕТТЕН АЛДЫН БОЛҒАН ЖАНРЛАР КЛАССИФИКАЦИЯСЫ………………………………………………………………8
**1.1. Дәстүрий ғалаба хабар қуралларында журналистика жанрлары ҳәм оның синтези мәселеси**……………………………………………………..……......8
**1.2. Информациялық жанрлар классификациясына улыўма сыпатлама**
**1.3. Аналитикалық жанрлар топары**…………………………………...…18
2.БАП. ИНТЕРНЕТ СИСТЕМАСЫНДА ЖАНРЛАР ЭВОЛЮЦИЯСЫ…….33
**2.1. Заманагөй басқышта Интернет журналистикасының раўажланыў басқышлары**…………………………………………………………………33
**2.2. Интернет журналистикасының жанрлары**……………………………37
**2.3. Интернет ушын хабар таярлаў**……………………………………..51
**2.4. Интернет ушын мақала жазыў**……………………………………..55
ЖУЎМАҚЛАЎ……………………………………………………………..
ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ……………………………..

# КИРИСИЎ

**Теманың актуаллығы.** Интернеттиң пайда болыўына профессор Моналд Клейнроактың докторлық диссертациясы (1962-ж) тийкар болғанлығы, ең дәслеп Лос-Анжелесдеги Калифорния университети менен Калифорниядағы Станфорд изертлеў институтына орнатылған компьютерлер бир-бирине жалғанғанлығы бәршеңизге мәлим. Интернеттиң ең дәслепки пайда болыўындағы тийкарғы мақсет информацияларды алыў ҳәм жеткизип бериў болған болса, ҳәзирги күнге келип оның мақсет ҳәм ўазыйпалары бир қанша кеңейип бармақта. Интернеттиң түрли тараўларда ислетилиўине қарамастан оның тийкарғы мақсет ҳәм ўазыйпаларынан бири жаңалық жеткизиў болып қалмақта. Өзбекстан республикасының 1997 жыл 26 декабрде қабыл етилген «Ғалаба хабар қураллары ҳаққында» ғы нызамның 1-статьясында көрсетилиўине тийкарланып бул тармақты «Электрон хабар системасы» сыпатында ғалаба хабар қураллары деп тән алыў мүмкин. Бул нызамда «Ғалаба хабар қураллары газеталар, журналлар, хабарнамалар, бюллетеньлер, хабар агентликлери, телевидение (кабелли, кабелли эфирге бериў телевидениеси) ҳәм радиоеситтириўлер, ҳүжжетли кино, электрон хабар системасы, сондай-ақ, турақлы атамасына ийе болған. Мәмлекетлик бийғәрез ҳәм басқа ғалабалық ўақытлы басылымлар ғалаба хабар қураллары болып табылады»[1],-деп көрсетилген.

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан республикалары ушын Интернет информацион технологияларынан пайдаланыўдың жаңа тараўы болып есапланады. 2002 жылы Министрлер Кеңеси тәрепинен «Компьютерлестириўди және де раўажландырыў ҳәм хабар коммуникация технологияларын жәрия етиў илажлары ҳаққында» ғы қарары қабыл етилди.

---

[1] Тўртинчи ҳокимият: Ўзбекистон Республикасининг қонунлари, қарорлари ва бошқа ҳужжатлари туплами. – Т.: Меҳнат. 2003. – Б. 7.

Бул қарар пүткил республикамыздың санаат бөлими, ден-саўлықты сақлаў, билимлендириў, мәмлекет ҳәм жәмийет басқарыўы сыяқлы барлық тараўларды бирден-бир тармақлы системаға жалғаў есабынан Интернет сайтлары пайда етилген.

Интернет бир неше информацияларды тарқатып қоймастан, ал ҳәзирги дәўир менен байланысты жолға қоймақта. Интернет түриндеги электрон технологиялар келешектеги байланысларды белгилеп бермекте. Сондай-ақ Интернет айрықша жағдайларда да үзликсиз информация ҳәм жаңалықлар дереги болып есапланады. Бул болса, интернеттен пайдаланышы ҳәр бир шахстың интернетке материал (хабар, мақала) таярлаў зәрүрлигин пайда етеди.

Сонлықтан да, бүгинги күнде Интернет системасындағы журналистика жанрларының классификациясын анықлаў ҳәм оның түрлерин көрсетип бериў, сондай-ақ, Интернет ушын хабар, мақала сыяқлы жанрларда материаллар таярлаў қағыйдаларын үйрениў ең актуал мәселелерден бири болып есапланады.

**Жумыстың мақсети ҳәм ўазыйпалары.** Интернет системасында жанрлар эволюсиясын үйрениў ҳәм оның дәстүрий ғалаба хабар қуралларындағы жанрлар менен салыстырмалы анализ етиў арқалы илимий жуўмаққа келиў изертлеўдиң тийкарғы мақсети болып есапланады.

Соның менен бирге, заманагөй журналистика жанрлары топарына кирип келген блиц-опрос, рейтинг, мониторинг, социологиялық резюме, пресс-релиз ҳәм тағы басқада сыяқлы жаңаша жанрларға тәрийп бериў, өзине тән қәсийетлерин анықлаў ҳәмде интернетте интервью алыўдың айырым психологиялық өзгешелигин интернет материаллары мысалында үйрениў магистрлик диссертация жумысымыздың мақсети саналады.

Бул мақсетке ерисиў ушын төмендегише анық ўазыйпаларды әмелге асырыў лазым:

– интернеттен алдын болған журналистика жанрларын он-лайн журналистикасы жанрлары менен салыстырмалы үйрениў;

– дәстүрий ғалаба хабар қуралларында журналистика жанрлары ҳәм оның синтези мәселесин газета материаллары мысалында анализ етиў;

– информациялық ҳәм аналитикалық жанрлар классификациясына улыўма сыпатлама бериў;

– заманагөй басқышта интернет журналистикасының раўажланыў басқышларын белгилеў;

– интернет системасында жанрлар эволюциясын үйрениў;

– интернет ушын хабар ҳәм мақала жанрларында материаллар таярлаўдың өзине тән қәсийетлерин көрсетиў;

– он-лайн ғалаба хабар қуралларының жанрлық өзине тәнлигин үйрениў.

Интернетте журналистика жанрлары ҳәзирги күнге шекем қандай раўажланды, буннан кейин және де раўажланыўы ушын қайсы имканиятлардан пайдаланыўы керек?- деген сораўларға жуўап бериўде магистрлик диссертация жумысымыздың тийкарғы ўазыйпаларымыздан бири болып табылады.

Буны биз магистрлик диссертациямызда дәстүрий ғалаба хабар қураллары менен интернет журналистикасын салыстырыў, бирин-бири толтыратуғын белгилерди, өзине сай тәреплерин, жетискенлик ҳәм кемшиликлерди туўры баҳалай алыў арқалы үйрениўге ҳәрекет етемиз.

**Илимий жаңалығы.** Магистрлик диссертациямыздың илимий жаңалығы Интернет журналистикасында жанрлар системасы биринши мәртебе үйренилип, информациялық ҳәм аналитикалық жанрлар классификациясына улыўмалық сыпатлама берилип атырғанлығы менен белгиленеди.

Сондай-ақ, изертлеўде заманагөй басқышта Интернет журналистикасының раўажланыў басқышларын, Интернет системасында

жанрлар эволюциясын интернет материаллары ҳәм дәстүрий ғалаба хабар қуралларының жанрлары менен салыстырмалы анализ етилип тийисли жуўмақлар шығарылды.

Жумыста интернеттен пайдаланыўшылар ушын хабар ҳәм мақала жанрларын таярлаў қағыйдалары, қағаз газетаға журналистлик материал жазыўдан айырмашылығы, оның тийкарғы қәсийетлери ҳаққында теориялық пикирлер илгери сүрилди.

**Изертлеўдиң теориялық ҳәм әмелий әҳмийети.** Магистрлик диссертация жумысымыздың жуўмақларынан ҳәм илимий изертлеў барысында алынған анализ нәтийжелеринен Интернет, он-лайн журналистикасы ҳәм заманагөй журналистика жанрларына қызығыўшы изертлеўшилер, журналистика бөлиминиң студентлери, магистрлер пайдаланыўы мумкин. Сондай-ақ, журналистика қәнигелигиниң бакалавр бағдарында өтилетуғын «Интернет журналисткасы», «Компьютерде веб-дизайн» пәнлеринен лекция текстлерин қайта ислеўде, тарқатпа материаллар ҳәм көргизбе қураллар таярлаўда қолланыўға болады.

**Изертлеў объекти ҳәм предмети.** Магистрлик диссертациямыз ушын Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан республикаларында шығатуғын газета-журналлар ҳәмде усы басылымлардың, хабар агентликлериниң интернеттеги веб-сайтлары, сондай-ақ, информацион технологиялары раўажланған мәмлекетлердиң ғалаба хабар қуралларының веб-сайтлары объект етип алынды. Мәселен, инглиз тилиндеги «Washington Post» (www.washingtonpost.com) газетасының интернеттеги версиясы, «Сегодняшняя газета» ның (http://www/sgzt/com), «Независимая газета» ның (http://ng/ru/) веб-сайтларын айтыў мүмкин.

Изертлеў предмети сыпатында интернет веб-сайтларында журналистлик материалларды бериўде жанрлардан пайдаланыў мәселелери үйренилди. Атап айтқанда, «Новости» Россия хабар агентлигиниң веб-сайтында (www.rian.ru), Рейтер (www.reuter.com) Yaqoo (www.yaqoo.com)

ҳәм тағы басқаларда тийкарғы материаллары есапланған қысқа хабарлардан пайдаланыў шеберлиги үйренилди.

**Магистрлик диссертация жумысының теориялық ҳәм методологиялық тийкарлары.** Магистрлик диссертациямыздың методологиялық тийкары етип биз ең алды менен Өзбекстан Республикасының Президенти И.А.Каримов тәрепинен илгери сүрилген пикирлерге, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан республикаларының Конституцияларына ҳәмде Өзбекстан Республикасының ғалаба хабар қураллары, баспа ҳәм полиграфиялық хызметин тәртипке салыўшы нызамларға ҳәм қарарларға сүйендик.[1]

**Жумыстың теориялық тийкарлары.** Биз таңлаған тема бойынша бир қатар изертлеўлер алып барылған. Әсиресе, Ф.А.Мўминов, Қ.Т.Эрназаров, Д.Рашидова, А.Лагутко, Г.Бакулев, Р.Спорышев А.А.Калмыков, Л.А.Кохонова, М.Кастелы, В.В.Кихтан, Цзя Лежун, А.И.Крупнов, Mc G.M.Luhan, В.Б.Наумов, А.А.Тертычний ҳәм басқада белгили алымлардың жазған илимий мийнетлери ҳәм мақалалары теориялық тийкар болып хызмет етеди.

Илимий жумыстың теориялық дәрежесин беккемлеўде ҳәм материаллар анализи тийкарында жүзеге шыққан пикирлеримизди дәлиллеўде Интернет журналистикасы, онлайн системасында журналистика

---

[1] И.А.Каримов. Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш. – Т.: Маънавият. 2002; Ватан озодлиги олий саодат: биринчи чақириқ Ўзбекистон республикаси Олий мажилисининг XV сессиясидаги маъруза. – Т.: Ўзбекистон. 1999; Ўзбекистонда демократик ўзгаришларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамияти асосларини шакллантиришнинг асосий йўланишлари. – Т.: Ўзбекистон; Ўзбек халқы ҳеш қачон ҳеш кимге қарам болмайды. 13-жилд. – Т.: Ўзбекистон. 2005; Ўзбекистоннинг ўз тараққиёт ва истиқлол йўли. – Т.:Ўзбекистон.1992; Ватан саждагоҳ каби муқаддасдир. – Т.:Ўзбекистон.1996; Ўзбекистонда демократик ўзлаштиришларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамият асосларини шакллантиришнинг асосий йўналишлари. – Т.:Ўзбекистон. 2002; Бизнинг бош мақсадимиз жамиятни демократиялаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. – Т.:Ўзбекистон. 2005; Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. – Т.: Ўзбекистон. 2003; Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы. – Н.: Қарақалпақстан. 1993; Тўртинчи ҳокимият: Ўзбекистон Республикасининг қонунлари, қарорлари ва бошқа ҳужжатлари тўплами. – Т.: Меҳнат. 2003; «Оммавий ахборот воситалари тўғрисида»ги Қонуни 1997 йил 12 декабрь.

жанрлары ҳәм электрон ғалаба хабар қураллары теориясы ҳәм практикасы бойынша жазылған фундаменталь мийнетлерден пайдаландық.[2]

Теманы изертлеўде салыстырмалы анализ методы қолланылды.

**Диссертацияның дүзилиси.** Магистрлик диссертациямыздың дүзилиси Кирисиў, жети бөлимди өз ишине алған еки тийкарғы бап, жуўмақлаў ҳәм пайдаланылған әдебиятлар дизиминен ибарат.

[2] Мўминов А. Журналистика ижтимоий институт сыпатында.-Т.: ЎзбУМИТ 2001, Худайқулов М. Оммавий ахборот воситалари назарияси.-Т.: Университет. 1999. Эрназаров Қ. Репортёрлик фаолиятининг назарияси ва амалиёти.-Т.: Ўз.МУ 2002; Рашидов Д.К. Информационные технологии и интерактивное Интернет Журналистика. Ташкент. ТашГУ. 2003; Рашидов Д.К. Интернет в Узбекистане: возможности и проблемы. Ташкент, Заркалам. 2003; Рашидова Д. Муратова Н. Интернет журналистика.-Т.: 2007; Спорышев Р. Интерактивное телевидение. Москва, 2001; Калмыков А.А., Кохонова Л.А. Интернет-журналистика. Москва, Юнити, 2005; Кастелы М. Галактика Интернет. Екатеринбург. У-Фактория, 2004; Кихтан В.В. Информационные технологии в журналистике. – Ростов н/Д: Феникс. 2004; Лежун Цзя. Интернет и китайские онлайновые СМИ. – М.: МГУ. 2004; Крупнов А.И. Интернет-справочная книга руководителя. Москва, Фиорд. Известия, 1998; Mc Luhan G.M. Understanding Медиа, New York, 1984; Наумов В.Б. Право и Интернет: очерки теории и практики. Москва, Университет-Книжный дом. 2002. Тертычний А.А. Жанры периодической печати. Учеб. пособие. – М.: Аспект Пресс. 2000.

# 1.БАП. ИНТЕРНЕТТЕН АЛДЫН БОЛҒАН ЖАНРЛАР КЛАССИФИКАЦИЯСЫ

## 1.1. Дәстүрий ғалаба хабар қуралларында журналистика жанрлары ҳәм оның синтези мәселеси

Ҳәзирги ўақытта информация аймағынан өзгешеленип туратуғын глобал информация базасы қәлиплеспекте. Өзбекстан Ғалаба хабар қураллары ҳәм жәҳән информация базары талапларынан келип шығып, өз хызметин раўажландырып бармақта.

Интерактив мултимедиа қураллары бүгинги информация әсиринде ғалаба хабар қураллары системасын өзгертпекте ҳәм ғалаба хабар қуралларының жаңа технологиялары пайда болмақта. Заманагөй технологияларды қолланыў менен бирге оларды ғалабалық коммуникация қураллары деп айта баслады. Жүз берип атырған технологиялық процесслер болса узатылып атырған хабар ағымының аймақ, ўақыт, көлеми тәрепинен шегараланбайтуғынлығына алып келмекте. Бүгинги күнге шекем журналистика жанрлары ҳәм публицист шеберлиги мәселелери бойынша рус алымларынан Е.П.Прохоров[1], М.С.Черепахов[2], Е.И.Журбина[3], А.А.Тертычный[4], өзбек алымларынан Р.Муҳаммадиев[5], О.Тоғаевлар[6] монографиялар, оқыў қолланбалар ҳәм илимий изертлеў жумысларын алып барғаны белгили. Жоқарыда аты аталған илимпазлар ҳәм «Ўақытлы баспа сөз теориясы ҳәм практикасы» атлы китаптың авторлары журналистика жанрларын информациялық, аналитикалық ҳәм көркем публицистикалық жанрлар үлкен үш топарға деп бөлип көрсетеди.

---

[1] Прохоров Е.П. Искусство публицистики. Размышление и разборы.-М.: «Мысль», 1984.
[2] Черепахов М.С. Таинство мастерства публициста.-М: «Мысль», 1989.
[3] Журбина Е.И. Повесть с двумя сюжетами.-М.: «Сов. Писатель», 1979.
[4] Тертычный А.А. Жанры периодической печати. Учебное пособие.-М.: Аспект Пресс, 2000.
[5] Муҳаммадиев Р. Публицистика ва унинг жанрлари.-Т.: ТашДУ, 1981.
[6] Тоғаев О. Публицистика жанрлари.-Т: Ўқитувчи, 1976.

Өз гезегинде бул жанрлар ишки бөлиниўлерге ийе. Информациялық жанрларға хабар, есабат, интервью, репортаж киреди. Олардың әҳмийети ҳәм тийкарғы айырмашылығы жәмийетлик, сиясий-экономикалық, руўхый, социаллық турмыстағы жаңалықларды, ўақыя ҳәм ҳәдийселерди аудиторияға оперативлик пенен жеткерип бериўде көринеди. Информациялық жанрлар дереклерге сүйенеди, анық фактлерден ибарат болады. Егер информациялық жанрлар ўақыяны қысқа, ықшам ҳәм анық фактлер арқалы сәўлелендирсе, аналитикалық жанрлардың тийкарғы өзгешелиги фактлер анализи, жәмийетшилик пикирин избе-из үйрениў ҳәм сәўлелендириў, соның менен бирге журналисттиң белгили бир жуўмақлары менен белгиленеди. Баспасөздеги аналитикалық жанрларға корреспонденция, мақала, рецензия, баспасөз шолыўы ҳәм хатлар киреди.

Көркем публицистикалық жанрлар очерк, сүўретлеме, фельетон, памфлет ҳәм эпиграф сыяқлы түрлерден ибарат. Көркем публицистикалық жанрлардың тийкарғы өзгешеликлериниң бири образлылық болып табылады. Турмыстағы болып өткен ҳәм болып атырған ўақыяны анық фактлер жәрдеминде көркем усылда, арнаўлы көркемлеў қураллары арқалы ҳақыйқый сүўретлеп бериў көркем публицистиканың тийкарғы ўазыйпасы.

Мәмлекетимиздеги жәмийетлик-сиясий, экономикалық ҳәм социаллық турмыстағы өзгерислер, инсанияттың цивилизацияға қарай умтылыўындағы факторлар илим ҳәм техниканың раўажланыўына өз тәсирин тийгизиўи тәбиййй. Соңғы ўақытлары журналистика тараўында түптен өзгерислер жүз берип, газета-журналлар бетлеринде таза жанрлар пайда болып атыр.

Заманагөй журналистикаға кирип келген информациялық жанрлар қатарына «блицопрос», аналитикалық жанрлар топарына «анкета», «мониторинг», «рейтинг», «эксперимент», «эссе», «аналитикалық пресс

релиз», көркем публицистикалық жанрларға болса «ойын» (игра)[3] сыяқлы жанрларды айрықша атап көрсетиў орынлы.

Бүгинги күнде баспасөз жанрлары тереҳ талықылаўды ҳәм салыстырмалы үйрениўди талап етеди. Себеби баспасөз материаллары көбинесе қурамалы формада жазылады. Әдетте бундай материалларға бир неше жанр элементлери ҳәм белгилер бирлескен формада келеди. Соның ушын да бундай бирлесиў усылларын «жанрлар синтези» деп атаў мүмкин. Әлбетте, жанрлар синтезинде бир неше жанр компонент сыпатында қатнасып, олардың биреўи доминант болады яғный жетекшилик қылады. Бундай қурамалы материалларды Қарақалпақстан баспасөзинде де көриўимизге болады.

«Еркин Қарақалпақстан» газетасының арнаўлы хабаршысы Е.Ермановтың «Шортанбай» менен «Кердер» салы орағын жуўмақлады»[4] атлы дөретпесиниң композициялық қурылысына итибар беретуғын болсақ, ол төрт бөлимнен ибарат. «Алма пис, аўзыма түс демеди» деп аталған биринши бөлимниң дәслепки абзацында корреспонденцияның белгилери сезиледи. Мәселен, журналист бул абзацта быйылғы жылы салыгершилик хожалықларына мәмлекетлик буйыртпаның болмағанлығы, олардың алдынан транш қаржысы менен тәмийинленбегенлигин, сол себептен жанар май, мәдений төгин болмаўы сыяқлы бир қатар машқалаларды көтереди. Ал, екинши абзацта болса Нөкис районындағы М.Сабуров, Қ.Ибрагимов ҳәм М.Сариев сыяқлы салыкеш қәнигелерге улыўмалық бир саўал менен қатнас жасап, кейинги бөлимлерди олардың жуўмақлары менен жуўмақлайды. Әлбетте, әпиўайы көз бенен қарап бул материалды интервью деп айтыўымыз мүмкин. Лекин оған тереҳ анализ жасасақ, блицопрос жанрында жазылғаны мәлим болады. Себеби, интервью жанрында журналист тәрепинен бир неше

[3]Тертычный А.А. Жанры периодической печати. Учебное пособие.-2-е изд., испр и доп.-М.: Аспект Пресс. 2002.-320- с.
[4] Ерманов Е. «Шортанбай» менен «Кердер» салы орағын жуўмақлады. // Еркин Қарақалпақстан. 2004. 9-ноябрь.

саўаллар дүзилип, оның жууаплары бир респондент (жууап бериуши) тәрепинен алынады. Ал блицопрос жанрында болса, журналист улыўмаласқан бир саўалды ортаға таслап, оған бир неше респондентлер жууап қайтарады. Блицпрос жанрының тийкарғы өзгешелиги де сонда. Бул материалдың жанрлық жақтан және бир қурамалылығы сонда, биринши респонденттиң улыўмалық сораўға берген жууабы изинен және журналисттиң еки саўалы берилип оған жууап алынған. Бул болса, интервью жанрына тән элементтиң блицопрос жанры менен бирлесиуйин көрсетеди.

Улыўма, Е.Ермановтың мақаласын жанрлық көз-қарастан корреспонденция-блицопрос-интервью жанрларының синтезинен қуралған деп айтыўға болады. Бул материалда корреспонденция ҳәм интервью жанрларына тән элементлер компонент сыпатында қатнасып, тийкарғы доминант болып блицопрос жанры хызмет етеди.

Қарақалпақстан баспасөзинде илимий мақала жанрына тийисли материаллар да жийи ушырасады. Әдетте илимий мақалаларда публицистикалық шегинислер, көркемлеў қураллары улыўма болмайды. Лекин күнделикли баспасөз бетлеринде орын алған илимий мақалаларда публицистикалық баҳалаўлардың ҳәм көркемлеў қуралларының белгилери сезиледи. Себеби, газетада жәрияланған илимий мақалалар тек ғана қәнигелер ушын емес, ал кең аудиторияға мөлшерленген болады. Сол ушын күнделикли басылымларда жәрияланған илимий мақалаларда публицистлик белгилер ҳәм көркемлеў қураллары мақаланың аудиторияға теңдей түсиникли ҳәм жанлырақ болыўы мақсетинде қолланылады. Мәселен, К.Мәмбетовтың «Өзбек алымлары Әмир Темур, Әмир Едиге ҳәм оның әўладлары ҳаққында»[5] атлы мақаласының тили, көтерилген проблемасы, фактлер избе-излиги ҳәм анализлеў усыллары илимий стильге қаратылған. Бирақ мақаланың басланыўында публицистикалық белгилер көзге тасланады.

---

[5] Мәмбетов К. Өзбек алымлары Әмир Темур, Әмир Едиге ҳәм оның әўладлары ҳаққында. // Еркин Қарақалпақстан. 1996. 26-март.

Мысалы, «Ғәрезсизлик ҳәм демократия самаллары көп ғана еллерге өзиниң өтмиш тарийхын, жаңаша ой тийкарында пикирлеўге имканият жаратып береди» деп ғәрезсизлик дәўиринде миллий мәдениятымыздың тиклениўин образлы тәризде сүўретлейди. Бул болса мақаланың кирисиў бөлимин публицистикалық метод тийкарында баслаў шеберлиги болып есапланады. Лекин газетада берилген илимий мақалаларда лирикалық сезимлер, ҳәдден тысқары бөрттириўлер ушыраспайды. Газета материалларында публицистикалық образлылық ҳәм көркемлеў қураллары мақаланы жанландырыў, аудитория тәрепинен жақсы қабыл алыныўы ушын қолланылады.

Жуўмақлап айтқанда, дәстүрий ғалаба хабар қуралларында журналистика жанрларын терең анализлеў нәтийжесинде журналистлердиң көбирек бир неше жанр элементлерин бирлестирген усылда теманы жаратқанлығын көремиз. Деген менен, журналистлердиң мақсети жанрларды бирлестириў емес, ал көтерилген идеяны ҳәм машқаланы кең ашып бериў болып табылады. Соның ушын да олар ўақыяны, қаҳарман образын қайсы жанрдың элементлеринен көбирек ашып беретуғын болса, өз мақаласында сол жанр элементлерин пайдаланған. Нәтийжеде жанрлар синтези пайда болған.

## 1.2. Информациялық жанрлар классификациясына улыўма сыпатлама

**Қысқа хабар (Заметка).** «Қысқа хабар» дың жанрлық анықламасы көлеми онша улкен болмаған (журналистикада жәрияланған хабарлардың көлеми ҳаққында қәлиплескен тийисли тусиниклер көз-қарасынан) материал түрине сәйкес келеди, онда сөз болған предметти белгили бир дәрежеде уйрениўдиң, (усы предмет пенен танысыў) нәтийжелери баян етиледи. Бундай материалларда егер информация қандай дәректен алынғаны ҳаққында еслетилсе де, бул туўралы күтә қысқа түрде айтылады. Әдетте усы үйренип шығыўдың тереңлиги, предмет ҳаққында информацияның қандай усыллар

менен алынғаны ҳаққында айтылмайды. Усы үйренип шығыўдың барысы, оның даўамында пайда болған автордың сезимлери, ой-пикирлери ҳәм тағы басқалары баян етилмейди. Қысқа хабар ушын ең тийкарғысы – үйрениўдиң нәтийжелерин қысқа баянлаў, қандайда бир қубылыстың, ўақыяның, адамның, машқаланың өмир сүриўи (ямаса жоқлығы) ҳаққында «белги бериў», яғный мәлим етиў болып табылады.

Бунда усы ўақыялар, қубылыслар, машқалалар, адамның өзин тутыўының ҳәр қыйлы тәреплери аудитория ушын «жаңалық» сыпатында ҳәрекет етиўи, яғный оқыўшыларға белгили болғанынан зыят потенциал мәлимлеме бериўи тийис. Усы «зыятлылық» (артықмашылық) қаншелли көп болса (санаға жетип баратуғын шеклерде екени тәбийғый), жаңалық соншелли әҳмийетлирек болады.

**Қысқа хабардың информациялық мазмунының түрлери.** Қысқа хабардың информациялық мазмуны ҳаққында А.А.Тертичный «Ўақытлы баспасөз жанрлары» китабында «Адамның дүньяда бағдар алыўы, өзиниң ҳәр қыйлы талапларын қанаатландырыў бойынша жумысын әмелге асырыўы ушын оған қандай бир қубылыслардың өмир суриў фактин, олардың әҳмийетин, қунлылығын ҳәм олардың раўажланыў бағдарларын, олардың келешек жағдайын анықлаўға жәрдем ететуғын, оларды «пайдаланыўдың» тийисли нормаларын ҳәм усындай қубылыслар менен байланыслы болған өз ҳәрекетлериниң итималлы вариантларын (соның ишинде аудиторияның басқада ағзалары тәрепинен) белгилейтуғын ҳәр тәреплеме мәлимлеме зәрур».[6]- деп айрықша атап көрсетеди.

Информацияның ҳәр тәреплилиги усы информацияның қандайда бир тийкарғы басланғыш түрлерин үйлестириў (мақсетке бағдарланған түрде, ямаса бирден күтилмегенде) нәтийжесинде пайда болады. Атап айтқанда, фактлер (фактологиялық, дескриптивлик информация), баҳалаўлар (баҳалаў,

---

[6] Тертычный А.А. Жанры периодической печати. – М.: Аспект Пресс. 2002. – С. 53.

валюативлик информация), нормалар (нормативлик көрсетпе информация), бағдарламалар (бағдарламалық, усыныс сыпатындағы информация), нәзерде тутыўлар (болжаўлық, итималлық, превентивлик информация) түринде пайда болады. Анық бир қысқа хабарда усы атап көрсетилген информациялардың анаў ямаса мынаў түри басым келиўи, сондай-ақ, онда улыўма тек информацияның бир түриниң болыўы мумкин.

Жоқарыда атап көрсетилген информация түрлеринен болған фактологиялық информацияны кеңирек қарап шығамыз.

**Фактологиялық информация.** Фактлер, басқа да билим түрлери сыяқлы, шынлықты ҳәр қыйлы усыллар менен билиў барысында анықланады. Көбинесе факт дегенде журналистикада қандайда бир қубылысты, ўақыяны, процессти, жағдайды сыпатлаў, тәрийплеў түсиниледи. Ҳақыйқатында бул түсиник баян етилгенге қарағанда айтарлықтай кең ҳәм предметлик, сондай-ақ информациялық жобада күтә ҳәр қыйлы қубылыслардың өмир сүриўи ҳаққында исенимли билимлерден ибарат болады. Айырым жағдайларда ўақыяның, қубылыстың, процесслердиң ҳәм тағы басқа өзлеринде фактлер деп атайтуғынын айтыў керек. Бул жағдайда факттиң онтологиялық (турмыслық) жобасы ҳаққында сөз етиледи. Журналист ушын фактлер – бул бәринен бурын қандайда бир қубылыслардың (предметлик ямаса идеаллық, яғный информациялық қатардағы) ҳәзирги ўақытта ямаса өтмиште өмир сүриўиниң, болыўының шынлығын анықлайтуғын исенимли мағлыўматлар болып табылады.

**Информациялық корреспонденция.** Информациялық корреспонденция қысқа хабардан предметти толығырақ ҳәм кеңирек сәўлелендириўи менен ажыралып турады. Әдетте, бундай предмет ретинде бирден-бир ўақыя ямаса қубылыс ҳәрекет етеди. Бундай жанрдың материаллары өзине предметтиң фактологиялық сыпатламасын алып қоймастан, ал айырым баҳалаў, көрсетиў, болжаў (гипотеза)ҳәм тағы басқада элементлерди өз ишине алады. Усының менен бирге информациялық корреспонденцияның

авторы өз алдына сыпатланып атырған предметтиң өз-ара байланысын анықлаў, оның мәнисине терең барып жетиў ўазыйпасын қоймайды. Оның ушын ең тийкарғысы  сәўлелендирилип атырған қубылыстың айырым үстинги бетиндеги параметрлерин мәлим етиў болып табылады.

Мәселен, «Еркин Қарақалпақстан» газетасының арнаўлы хабаршысы Б.Тилеўмуратовтың «Тексериўдиң нәтийжелиги ҳәм сапасы арттырылады» деп аталған информациялық корреспонденциясында «Неге дегенде, 2008-жылдың сентябрь-декабрь айларында аймақлық салық уйымлары тәрепинен үйренилип, ҳәр бир қадағалаўшы уйымлары тәрепинен буйыртпа берилип, режелестирилген ҳәм компьтер дәстүрине киргизилген графикке өзгерис киргизилетуғын болды. Себеби, жоқарыда аты аталган Президент пәрманында 2009-жылы тексериўлердиң саны 30-процентке қысқартылыўы көрсетип өтилген. Демек, республика қадағалаўшы уйымлары тәрепинен 2009-жылы 459 хожалық жүргизиўши субъектлерде 1345 комплексли тексериў өткериў жобаластырылған болса, бул көрсеткиш 321 етип кысқартылатуғын болды. Қысқартыў микрофирмалар, киши кәрханалар ҳәм фермер хожалықлары есабынан әмелге асырылады.» [7]

**Информациялық есабат.** «Информациялық есабат» деп аталатуғын материалларды өз алдына жанрға киргизиўдиң себеби сәўлелендириў предметиниң айрықша характерине байланыслы болады. Есабатларда усы сыпатта информация алмасыў туринде жуз берген ўақыялар сәўлеленеди. Булар – ҳәр қыйлы конференциялар, мәжлислер, симпозиумлар, семинарлар, жыйналыслар ҳәм тағы басқаларды өз ишине алады. Атап айтқанда, олардың барысында ҳәр қыйлы билдириўлер, нийетлер, қарарлар ҳәм т.б. және ғалаба хабар куралларына аудиториясы қызығыўшылығының потенциаллық объектин (аудиторияны конференциялардың, жыйналыслардың ҳәм басқада илажлардың барысының ҳәр қыйлы тәреплериде қызықтырыўы мумкин)

[7] Тилеўмуратов Б. Тексериўлердиң нәтийжелиги ҳәм сапасы арттырылады. // Еркин Қарақалпақстан. 2008. 27-декабрь

сәўлелендиретуғын «өним» ислеп шығылады. Мәселен, ӨЗАның хабаршысы А.Ивинованың «Ташкенттиң экономикалық ҳәм инвестициялық потенциалы» деп аталған информациялық есабатында «Пайтахтымызда «Ташкенттиң экономикалық ҳәм инвестициялык потенциалы» темасында бизнес-форум болып өтти. Ташкенттиң 2200 жыллығына бағышланған усы кең көлемли илаж Өзбекстан Республикасы Сыртқы экономикалық байланыслар, инвестициялар ҳәм саўда министрлиги, Саўда-санаат палатасы, Ташкент қаласы ҳәкимлиги ҳәм «Өзинфоинвест» агентлиги тәрепинен шөлкемлестириледи»[8]- усы болып өткен бизнес-форум бойынша есап береди. Жәнеде усы информациялық есабатты «2008-жылда дерлик барлық көрсеткишлер бойынша сезилерли дәрежеде өсиўге ерисилди. Мәселен, пайтахт кәрханалары тәрепинен ислеп шығарылған санаат өнимлериниң көлеми 2007-жылга салыстырғанда 36,8, сыртқы саўда айланысы 15,5 экспорт көлеми 22,6 процентке көбейди. Қаланың санаатында ен заманагөй технологиялар ҳәм үскенелер менен үскененленген электр техникасы, самалёт қурыў, машина ислеп шығарыў саласы кәрханалары жетекши орын ийелейди. Көплеген жеңил ҳәм азық-аўқат санааты кәрханаларында жоқары сапалы, қарыйдары көп өнимлер ислеп шығарыў жолға қойылған. Ташкенте 30 мыңнан аслам киши бизнес ҳәм жеке исбилерменлик кәрханалары жумыс алып бармақта»[9] деп аудиторияның қызыққан көрсеткишлерин салыстырмалы анализ етеди.

**Информациялық интервью.** Журналистика жанрлары бойынша арнаўлы изертлеўлер алып барган рус алымы А.А.Тертичный информациялық интервью ҳаққында «Интервью» жанрын өз алдына ажыратыў, оларды дөретиў барысында (материал жыйнағанда) интервью усылы қолланылған бир қатар материаллар интервью алыўдың ҳақыйқый процессин белгилейтуғыны ямаса арнаўлы сораў-жуўап туринде (интервью

[8] Иванова А. Ташкенттиң экономикалық ҳәм инвестициялык потенциалы. // Еркин Қарақалпақстан. 2009. 31-январь
[9] Усы газетада

туринде) материалдан ибарат болғанлығы нәтийжесинде жүз берди»[10]-деп көрсетеди. Профессор А.А.Тертычный айтқанындай материалдың авторы өз алдына тек интервью алған адамнан алынған мағлыўматларды аудиторияға мәлим етиў ўазыйпасын қойған оларға тусиник бериўге урынбаған жағдайда, ол информациялық материал дөретеди деп айтыў мумкин. Егер оның сәўбетлесиниң жуўапларында не?, қай жерде?, қашан? сораўларына дыққат қаратылған болса, интервью толық дәрежеде информациялық болып шығады. Егер интервью алыўшы ямаса оның сәўбетлеси` не ушын?, қандай етип?, бул нени аңлатады? ҳәм басқада сораўларға жуўаплар қайтара басласа, онда бунның нәтийжесинде аналитикалық материал пайда болыўы мумкин.

**Блиц-сораў-жуўап.** Сораў-жуўап бул информация алыўдың интервьюге уқсас усылы болып табылады. Блиц-сораў-жуўап бир қатар өзине тән сыпатламаларға ийе болады. «Мақсети бир неше (айырым жағдайда көплеген), өзиниң характери бойынша бир-биринен айрылып туратуғын сораўларға бир адамнан жуўаплар алыў болған интервьюден оның айырмасы, сораў-жуўаптың барысында журналист бир сораўға (ямаса бир неше сондай сораўларға) көплеген адамлардан жуўаплар алыўға ҳәрекет етеди. Егер автор тек бир адамнан сораў-жуўап алса, онда бундай сораў-жуўап интервьюге айланады. Сораў-жуўаптың барысын белгилейтуғын материаллар өз алдына сораў-жуўап жанрына киргизилиўи мумкин. Усы жанрлық топардың дөретилиў схемасы интервью жанрлық топарының дөретилиўи схемасындай болады»[11]

Ҳәзирги заман баспасөзи бетлеринде ушырасатуғын, сораў-жуўаптың барысын баян етиўге қурылған, олардың мақсети қандайда бир пикирлердиң, артықмашлық бериўлердиң бар екенлиги ҳаққында аудиторияға қысқаша мәлим етиўден ибарат болған материаллар көбинесе «Блиц–сораў-жуўап» рубрикасы астында жәрияланады. Бундай рубрика усындай материалларды,

[10] Тертычный А.А. Жанры периодической печати. – М.: Аспект Пресс. 2002. – С. .
[11] Тертычный А.А. Жанры периодической печати. – М.: Аспект Пресс. 2002. – С. .

предметти тереңирек изертлеўге бағдарланған ҳәм өзиниң сыпатламасы бойынша аналитикалық жанрға киретуғын кең сораў-жуўаплардан айырыў ушын енгизиледи. Бул жанрды заманагөй журналистикада жанр сыпатында караў мүмкин. Неге дегенде бул жанрдағы материаллар соңғы жылларда ғана баспасөзде көрине баслады. Блиц сораў-жуўап жанры Өзбекстанда шығатуғын басылымлар ишинде «Даракчи», Қарақалпақстанда болса «Жипек жолы» сыяқлы дайжест формасындағы басылымларда жийе ушырасады.

**Сораў-жуўап.** Усындай түрдеги материаллар оқыўшының сораўын ҳәм оған журналисттиң өзиниң, ямаса қандайда бир сол мәселеден хабардар адамның ямаса қәнийгениң жуўабын бирлестириў нәтийжесинде пайда болады. Бир тема астында еки ҳәр қыйлы текст, әдетте, еки ҳәр қыйлы авторлар бирлестирилген материалды айрықша жанр деп атаўға болама? Бул сораўға ҳәр қыйлы жуўаплар қайтарылыўы мумкин. Бундай формалық дүзилиске ийе болған сораў-жуўап жанрын баспасөзде көплеп ушыратыўымыз мүмкин. Мәлелен, «Қарақалпақстан жаслары» газетасының 2010-жылы 27-март күнги санында жарияланған «келешек ҳаўазы» жаслар басламалар орайы баспасөз ағзасы Лола Қаллыхանованың «Студентлер олимпиядасы жеңимпазлары» деп аталған материалын алып қарайық. Бул журналистлик материалдың кирисиў бөлиминен соң интервьюер тәрепинен алты саўал берилип, еки респанденттен жуўап алынған. Сонлықтанда бул баспасөз материалын жанр көз-қарасынан сораў-жуўапқа киргизиў мүмкин. Бул сораў-жуўап жанрының кирис бөлиминде ўақыялық ҳаққында түсиник бериледи. Мәселен, «Мәмлекетимизде юридика қәнигелиги бойынша кадрларды жеткерип берип атырган жоқары оқыў орынлары студентлериниң билимлерин асырыў, бай тажрийбе мектеплерин жаратыў сыяқлы ислер елимизде әмелге асырылып атырған ийгиликли servлердиң бири. Буған мысал ретинде Өзбекстан Республикасы Жоқары Суды жанындағы суд нызамшылығын демократластырыў ҳәм либераллластырыў, суд системасының еркинлигин тәмийнлеў бойынша изертлеў орайы тәрепинен «Өзбекстан

Республикасында Суд реформалары: жоқары тәжрийбе ҳәм истиқболлары» II республика студентлер олимпиадасын келтирсек болады».[12]

Соң бул олимпиада қашан, қай жерде, қайсы бағдарда өткизилгени ҳәм оған кимлер қатнасқанлығы, олимпиаданың мақсети ҳәм ўазыйпалары ҳаққында мағлыўмат бериледи. Бул журналистлик материалдың тийкарғы бөлиминде автордын олимпиада жеңимпазларына берилген алты сораўы орын алған. Сораўлар төмендегише формада берилген:

«1.Өзиңизди таныстырсаңыз?

2.Олимпиадаға қанша ўақыт таярлық көрдиңиз? Биринши басқыш ҳаққында айтып берсеңиз?

3.Олимпиаданың екинши басқышы бойынша жазған эссеңиз ҳәм оның өзгешелиги неден ибарат?

4.Таңлаў барысы ҳәм жуўмағында Өзбекстан Республикасында қайсы жоқары оқыў орынлары бүгинги күнде жетик қәнигелирди жеткерип бермекте деп ойлайсыз?

5.Келешекте қайсы тараў юристи болмақшысыз?

6.Устазларыңыз?»[13]

Сораўлардан кейин олимпиада жеңимпазлары болған  А.Рахимов ҳәм Д.Шариповлардың жуўаплары избе-из берилген.

Мине усындай формалық ҳәм структуралық қурылысынан келип шығып бул материалды сораў-жуўап жанрына киргизиў мүмкин.

Ғалаба хабар қуралларының көпшилик хызметкерлери бундай түрдеги материаллар баспасөз бетлеринде көп ўақытлардан берли берилип киятырғанын жақсы биледи. Журналистлер арасында ол «Сораўларға жуўаплар» анықламасы астында белгиленеди. Бирақ бундай материалларды белгили бир информациялық жанрларға ажыратыў ҳаққында сөз болмады. Олар, зәрур болғанда, қысқа хабарлар қатарына киргизилди. Егер усындай

[12] Қаллыханова Л. Студентлер олимпиядасы жеңимпазлары. // Қарақалпақстан жаслары. 2010. 27-март.
[13] Қаллыханова Л. Студентлер олимпиядасы жеңимпазлары. // Қарақалпақстан жаслары. 2010. 27-март.

жол менен избе-из баратуғын болсақ, онда қысқа хабарлардың қатарына қәлеген журналистлик материалларды киргизиў мумкин. Усының менен бир ўақытта, егер «сораўларға жуўапларда» қандайда бир өзине тән өзгеше белгилер болса, онда оларды толық өз алдына жанрға киргизиў мумкин. Бундай сыпатлар бар. Олардың ең тийкарғысы–сораў ҳәм жуўаптың ажыралмас бирлиги болып табылады. Буны биз Қарақалпақстанда шығып турған бәрше газеталар арқалы көриўимиз мүмкин.

**Репортаж.** «Репортаж» түсиниги XIX әсирдиң биринши ярымында пайда болды ҳәм латынша «reportare» сөзинен келип шыққан болып, ол «хабарлаў, жеткериў», «мәлим етиў» дегенди аңлатады. Дәслеп репортаж жанры оқыўшыларды суд мәжлислериниң, парламенттеги пикир тартысларының, ҳәр қыйлы жыйналыслардың ҳәм т.б. барысы ҳаққында хабардар ететуғын материаллардан ибарат болды. Соңғылығында бундай «репортажларды» «есабатлар» деп атай баслады. Ал «репортажлар» деп басқарақ бағдардағы, атап айтқанда, өзиниң мазмуны, формасы бойынша ҳәзирги заман очерклерине уқсас материалларды атай баслады. Мәселен, батыстың көрнекли репортерларға Джон Рид, Эгон Эрвин Киш, Эрнест Хэмингуэй, Юлиус Фучик ҳәм басқалар бизиң түсинигимизде, репортерларға қарағанда, көбирек очеркшилер болды. Ҳәзирги ўақытта Европа журналисти репортаж ҳаққында сөз еткенде, ол биз очерк деп атап жүргенимизди нәзерде тутады. Батыс очерклери олардың «атамасы» көз-қарасынан ҳәзирги репортаждың ең жақын «туўысқанлары» болып табылады. Буны ўатандарлық репортаж теориясында пайдаланған жағдайда батыс изертлеўшилериниң теориялық ой пикирлерин есапқа алыў зәрүр болады.

Рус алымы А.А.Тертычный  репортаж ўақыялықты анық ҳәм жедел сәўлелендириўде жетекши жанр екенлигин айта келип, Репортаж ўатандарлық журналистлердиң ең суйикли жанрларының бири болып табылады. Россия журналистикасы тарийхы бир неше онлаған көрнекли репортерлерди, бәринен бурын В.А.Гиляровскийдиң («Гиляя ағай»,

«Репортерлер короли») исимин атап көрсетеди. Ол XIX әсирдиң ақырында – XX әсирдиң басында Москвадағы Хитров базарының ең жарлы түпкирлери, Ходынск майдандағы қорқынышлы ўақыялар ҳаққында, Москваның санаат кәрханаларындағы жумысшы адамлардың турмысы ҳәм басқалар ҳаққында өзиниң талантлы гүрриңлери, очерклери менен даңқы шыққан. Көплеген репортерлер соңғылығында белгили жазыўшыларға айланды, олардың даңқы бәринен бурын репортаж арқалы көтерилди-деп айрықша атап көрсетеди.

Бул жанрдың усы түриниң жоқары дәрежедеги мүмкиншиликлери менен түсиндириледи. Репортаж жанрына тийисли материаллардың өзгешелиги бәринен бурын бақлаў усылын кең қолланыў ҳәм текстте оның барысын жәнe нәтийжелерин көрсетиў арқалы жузеге келеди.

Жуўмақлап айтқанда, информациялық жанрлар топары заманагөй журналистикада жетекши орынды ийелейди. Информациялық жанрлар болған хабар, информациялық корреспонденция, информациялық есабат, информациялық интервью ҳәм репортаж ўақыялықты сәўлелендириўде өзине тән қәсийетлери, түрлери формалық ҳәм структуралық өзгешеликлери менен ажыралып турады.

## 1.3. Аналитикалық жанрлар топары

Журналististикада аналитикалық жанрлар ўақыялықты айдынластырыўда, таллаў усылы арқалы қубылысты сәўлелендириўде айрықша орын ийелейди. Аналитикалық жанрлар өз гезегинде бир неше киши топарларға бөлинеди. Атап айтқанда аналитикалық есабат, интервью, сораў-жуўап, гүрриңлесиў, комментарий (түсиник бериў), мақала, шолыў ҳәм тағы басқада түрлери өзине тән қәсийетлери ҳәм формалық өзгешелиги менен бир-биринен ажыралып турады. Енди аналитикалық жанрлар топарына киретуғын жанрлар түрлериниң ҳәр бирине қысқаша сыпатлама бериўге ҳәрекет етемиз.

**Аналитикалық есабат.** Жоқарыдағы бапларда айтып өтилгениндей, есабат журналистиканың ең әййемги жанрларынан бири болып табылады. Әсиресе бул оның мәлимлеме есабаты деп аталатуғын түрине тийисли. «Узақ ўақыт императорларға, патшаларға ямаса халыққа қандайда бир анжуманлар, парламентлердиң мәжлислери, жыйналыслар ҳәм басқада қубылыслар ҳаққында аўызша мәлимлеме түринде сәўлеленген есабат, газеталардың пайда болыўы менен олардың бетлеринен орын алды (мәселен, ол биринши Россия газетасы болған Петрдиң «Ведомостьларында» берилди. Дәслеп ҳәзир есабатлар деп аталатуғын материаллар «репортаж» (яғный мәлимлеме) атамасына ийе болды, бирақ ўақыттың өтиўи менен ҳәзирги очерклерге ҳәм репортажларға уқсас материалларды репортажлар деп атай баслады».[14] Аналитикалық есабат жанрының өзине тән қәсийетлери ҳәм белгилери тийкарынан-кең жәмәәтшиликти кызықтыратуғын жыйналыслар, мәжилислер, кеңеслер, конференциялар, байрамлар, салтанатлы кешелер ҳәм ушырасыўлар ҳаққында информация бере отырып ондағы ўақыяларды, фактлерди жәнеде қубылысларды анализ етиўде көринеди.

[14] Муҳаммадиев Р. Публицистика жанрлари (Ўзбек газета ва журналлари материаллари асосида). – Т.: Ўзбекистон. 1971. – Б. 46.

Есабат жанры бугинги журналистикада белсене пайдаланылады. Бул тастыйықлаў оның аналитикалық есабат деген түрине де тийисли. Оны өзиниң «үлкен туўысқаны» мәлимлеме есабаты менен нелер бирлестиреди ҳәм нелер айрып турады?

Журналистикада аналитикалық есабаттың предмети, информациялық есабат сыяқлы арнаўлы түрде жыйналған адамлар топарының аўызша (вербаллық) жумысының нәтийжеси болып есапланады.

Әпиўайы етип айтқанда, ҳәр қыйлы жыйналыслардың, мәжилислердиң, съездлердиң, конференциялардың ҳәм т.б. қатнасыўшыларының шығып сөйлеўлери, баянатлары, сөзлери болып табылады. Бул предмет, журналист тәрепинен қысқа хабар, репортаж, корреспонденция жанрында да усы жанрларға тән усыллар, тил менен сәўлелендирилиўи мумкин. Бирақ, бул жағдай журналистиканың өз алдына жанры сыпатында аналитикалық есабат ҳаққында сөз жургизиўге кесент келтирмейди.

Информациялық жанрларының материаллары тийкарынан жыйналыслардың, конференциялардың ҳәм т.б. барысын сәўлелендиреди, ким шығып сөйлегенин, не айтқанын мәлим етеди (ямаса ҳәтте қалай айтқанын ҳәм бул аудитория тәрепинен қалай қабыл етилгенин көрсетеди), яғный предметтиң сыртқы тәрепин сәўлелендиреди. Ал аналитикалық есабат предметтеги басқа нәрсени «алады», атап айтқанда, шығып сөйлеўлердиң, баянатлардың, сөзлердиң ишки байланысын сәўлелендиреди. Ҳәр қыйлы жанрлардағы материалларда предметти сәўлелендириў усылы шығып сөйлеўлердиң бағдарына, мәнисине байланыслы болады. Информациялық есабатының мақсети–жыйналыстың, конференцияның ҳәм т.б. барысы ҳаққында аудиторияға мәлим етиў екенлиги белгили.

Аналитикалық есабаттың мақсети басқаша. Ол шығып сөйлеўшилердиң сөзлериндеги анаў ямаса мынаў пикирлердиң, баҳалаўлардың, жуўмақлардың, усыныслардың өз-ара байланысын, сол ўақытта қаланың, районның, елдиң турмысында орын алған ҳақыйқый машқалалар, жағдайлар,

процесслер менен өз-ара байланысын көрсетиўден ибарат. Усындай салыстырыўдан келип шығып, ол анаў ямаса мынаў анжуманның қатнасыўшыларының шығып сөйлеўлерине баҳа береди, олардың қала, район, ел ушын әҳмийетин анықлайды.

Басқаша етип айтқанда, қатнасыўшылардың шығып сөйлеўлери усы ғалаба хабар қуралы аудиториясының дыққатын анық бир съезден, жыйналыстан, конференциядан аудиторияның өзиниң турмысында болып атырған нәрселерге қаратыў ушын «көпир» болып хызмет етеди. Бундай өтиў оқыўшылардың, тыңлаўшылардың, тамашагөйлердиң өзлерине сәўлелендирилип атырған съезд ямаса жыйналыс ҳаққында, оның айырым қатнасыўшылары ҳаққында усы оқыўшылардың, тыңлаўшылардың, тамашагөйлердиң өзлери араласып жүрген ҳақыйқый машқалалар, жағдайлар, процесслер позициясынан пикир билдириўине жәрдем етеди. Бунда аналитикалық есабаттың авторының мәлимлеме есабатының авторынан айырмасы ол өз алдына барлық шығып сөйлеўлер ямаса шығып сөйлегенлер ҳаққында мәлим етиў мақсетин қоймаўы мүмкин. Бирақ дыққатты олардың айырымларына, шығып сөйлеўлердиң ол таллап, анализлеп атырған ҳақыйқый ислер менен өз-ара байланысы көз-қарасынан ең қызықлы дегенлерине жәмлеўи мүмкин.

Таңлап алыў, мәселен бир қатар шығып сөйлеўлердиң тематикалық бирлиги тийкарында әмелге асырылыўы мумкин. Бул жағдайда автор ҳәр қыйлы баянатшылардың позициясынан әҳмийетли шынлықтың қандайда бир тәрепин қарап шығыў мүмкиншилигин алады. Ол дыққатты оның көз-қарасынша ең әҳмийетли деген шығып сөйлеўге жәмлеп, өз позициясынан ҳақыйқый турмыстың ҳәр қыйлы машқалаларын сәўлелендириўи мүмкин. Ҳәр қандай жағдайда да таллаў (анализ) шығып сөйлеўлердиң шеклеринен өз-өзинен шығып кетеди.

Бирақ бул аналитикалық есабат авторы тәрепинен қатнасыўшылардың шығып сөйлеўлериниң мазмунын ҳәм формасын бурмалаў ушын себеп

болыўы мүмкин емес. Ол бул шығып сөйлеўлерди тусиндириўи, талқылаўы мүмкин, бирақ бул аудитория автордың өзиниң пикирлериниң анжуман қатнасыўшыларының шығып сөйлеўлеринде билдирилген пикирлерден аңсат айырып алатуғынындай ҳәм болған ўақыяның объектив картинасын көз алдына келтиретуғындай етип исленеиўи тийис.

Қәлиплескен реал жағдайға, реал машқалаға, анжуман қатнасыўшыларының шығып сөйлеўлери олар менен салыстырылатуғын реал процесске қарай журналист өз дыққатын аналитикалық есабатта усы жағдайдың, машқаланың, процесстиң себеплерин түсиндириўге, ямаса олардың әҳмийетли тәреплерин баҳалаўға, яки олардың раўажланыўын болжаўға, ямаса оларға байланыслы режеге, ҳәрекетлер бағдарламасына жәмлеўи мүмкин. Усыған муўапық ол өз дыққатын бирде түсиндириўге, ямаса шығып сөйлеўлердеги усынысларға және додаланып атырған машқалаларға, жағдайларға, ҳақыйқат болып атырған процесслерге тийисли усынысларға қаратыўы мүмкин. Бул айтарлықтай дәрежеде аналитикалық есабаттың түрин, яғный бул есабат–түсиндириў, есабат–баҳалаў ямаса есабат–бағдарлама болама усыны анықлайды.

**Аналитикалық интервью.** «Интервью жанры журналистлик текстте усы тексттиң авторы тәрепинен интервью усылы жәрдеминде ҳақыйқатлық ҳаққында белгили бир мағлыўматларды алыўдың «бекитиў» нәтийжесиниң түри, формасы болып табылады»[15]. Мәлим болғанындай, интервью усылы теориялық емес, ал эмпирик усылларға киреди (бул ҳаққында жоқарыда айтылды). Усы себепли интервью жанрын көбинесе изертлеўдиң эмпирик усылларын қолланыў нәтийжесинде алынған мәлимлемеге тийкарланатуғын информациялық жанрларына киргизеди.

Бунда интервью, басқада эмпирик усыллар сыяқлы тек информациялық ғана емес, ал аналитикалық материаллар таярлаў ушын зәрүрли тийкарғы

[15] Тертычный А.А. Жанры периодической печати. – М.: Аспект Пресс. 2002. – С.107 .

мағлыўматларды алыў ушын қолланылатуғыны елеспесиз қалады. Интервью усылы арқалы алынған информация газета бетинде корреспонденция, есабат, реплика, мақала түринде берилип өзгертилиўи мүмкин. Бул демек, информация жыйнаўда усы усылды пайдаланыў өз-өзинен интервью жанрын пайда етпейтуғынын аңлатады. Жоқарыда айтылғанындай, тек текстте усы усылды қолланыў «барысы» айқын көринген жағдайда ғана ол бундай материалдың формасын диалоглық, сораў-жуўап түринде анықлаўы мүмкин. Сонлықтанда текст ондағы усы басым келген белгиге қарай интервью жанры деп аталыўы мүмкин. Бирақ, анық бир интервьюди жанрлардың қайсы топарына–информациялық ямаса аналитикалық интервьюине киргизиў, интервью түринде баян етилген тексттиң мазмунына байланыслы болады.

Егер информациялық интервью  Ким? Не? Қай жерде? Қашан? сораўларына жуўап қайтарып тек өзинде факт ҳаққында информацияға ийе болса, ал аналитикалық интервью, буннан тысқары Не ушын? Қалайынша? Бул нени аңлатады? деген сораўларға жуўап берип факттиң анализине де (таллаўына да) ийе болады. Усы жерде информациялық ҳәм аналитикалық интервьюларға баспасөз материалларынан келтирип өтемиз.

«Қарақалпақстан жаслары» газетасының 2010-жылы 7-январь санында А.Жақсымуратованың «Китапхана имканиятлары» атамасында мәлимлеме китапхана орайы диреторы И.Шарапова менен болған сәўбети берилген. Бул материал жанрлық жақтан информациялық интервьюға тән. Себеби онда информациялық характердеги жуўапларды алыўға қаратылған сораўлар берилип оған жуўаплар алынған. Мәселен автор тәрепинен берилген сораўлар томендегише:

«– Инжигүл апа, ең алды менен сизди кирип келген жаңа жыл байрамыңыз бенен қутлықлаймыз.

– Бүгинги күнде китапханада исленип атырған жумысларға тоқталып өтсеңиз?

– Өткен жылдың аяғында 26-ноябрьден, 26-декабрьге шекем китаплар көргизбеси болып өтти. Көргизбе ҳаққында пикириңиз?

– Китапхана фондынан орын алған китаплар ҳаққында айтсаңыз?

– Китапханада қандай бөлим ҳәм секторлар хызмет көрсетпекте?

– Бәршемизге белгили, 2007-жылы китапханаға жаңа имарат берилди. Ол қандай қолайлықларға ийе?

– 2009-жылы китапханада қандай жаңалыклар, өзгерислер болды ҳәм келеси жылға режелер ҳаққында тоқталып өтсеңиз?»[16]

Көрип турғанымыздай бул сораўларға қайтарылған жуўаплар информациялық характерде болады. Сонлықтанда биз бул интервьюди информациялық интервью деп айтыўға толық ҳақылымыз.

«Еркин Қарақалпақстан» газетасының 2009-жыл 23-март санында болса, Ә.Оразовтың «Қамсызландырылған дийқан утылмайды» деп аталган «Ўзагросуғурта» мәмлекетлик акционерлик қамсызландырыў кимпаниясы Қарақалпақстан дирекциясы директоры орынбасары А.Сабуров пенен болган аналитикалық интервьюи берилген. Бул интервьюде журналист тәрепинен берилген сораўлар аналитикалық характердеги жуўапларды талап етеди.

Аналитикалық интервью авторының роли бәринен бурын өз сораўлары менен ол анализдиң бағдарын белгилейди

Әдетте, оны интервью алынып атырған адамның өзи әмелге асырады. Усы мақсетте сораўлар сондай етип қәлиплестириледи. Бунда олар қандайда бир ўақыяның, қубылыстың, процесстиң, жағдайдың тийкарғы пайытларын сәўлелендириўди талап етеди.

Егер журналист қала ҳәкиминен кутилмегенде жүзеге келген мәлим бир машқала ҳаққында интервью алса, ол төмендегидей сораўлар қойып өз материалының аналитикалық сыпатын «бағдарламалаўы» мумкин:

– Сиз қалай ойлайсыз, бул ўақыя бизиң қаламыз ушын нени аңлатады?

– Салық төлеўшилерге ол қанша миллион рубльге туседи?

---

[16] Жақсымуратова.А. Китапхана имканиятлары. // Қарақалпақстан жаслары. 2010. 7-январь.

– Бул ўақыяға не себеп болған? Усы мәселе бойынша сизиң пикириңизди қандай фактлер, цифрлар, ҳужжетлер тастыйықлайды?

– Буның ушын ким жуўапкер болады ҳәм оған қандай жуўапкершилик жукленеди?

– Ўақыя буннан былай қалай раўажланыўы мүмкин? Сизиң болжаўыңыз қандай тийкарларға ийе? Ҳәкимият қандай қыстаўлы илажлар көрмекте ҳәм буннан былайда көре береди? Қала халқы не ислеўи тийис?

Бундай сораўлар сәўбетлести өз билимлерин, түсиниклерин, болажақ материалдың предмети ҳаққында өз пикирлерин билдириўге қанаатланландырады. Бул болса додаланып атырған ўақыяның себеп–нәтийжелик байланысларын анықлайды, белгили бир баҳалар бериледи, ўақыяның раўажланыў болжаўы анықланады, баян етилген позицияның пайдасына зәрүрли аргументлер келтириледи. Солай етип, интервью текстиниң мазмуны шынлықты анализлеў элементлери менен «байыйды», бул оны аналитикалық материалға айландырады.

Әлбетте, интервью алынып атырған адам бағдарлаўшы сораўларды күтпестен-ақ ўақыялардың, жағдайлардың, процесслердиң анализин өзи әмелге асыратуғын жағдайларда болады. Бирақ бул көбинесе интервью алынып атырған адам гүрриңлесиў предметин кең ҳәм толық сәўлелендириўге өзи мәптар болғанда жүз береди, бул болса болажақ аналитикалық материал авторының ўазыйпасын жеңиллестиреди.

**Аналитикалық сораў-жуўап.** Аналитикалық сораў-жуўап жанр сыпатында информациялық сораў-жуўап жанры менен айырым уқсас белгилерге ийе болады. Бул уқсаслық бәринен бурын усы жанрларға киргизилетуғын материаллардың мазмунының дәреги журналисттиң сораўларына жуўаплар болып табылатуғынында көринеди. Бунда, басқа да анаў ямаса мынаў жанрдағыдай тексттиң структурасы журналисттиң «респондентлерден» алынған жуўапларын баянлаў барысында дүзиледи.

Бирақ информациялық сораў-жуўап жанрына киретуғын материаллардан айырмасы аналитикалық сораў-жуўап жанрын қурайтуғын материаллар кең түсиник бериў сыпатларына ийе болады, ал бул әдетте аналитикалық жанрларға киреди. Бул бир текстте бир сораўға бир неше кең жуўаплар бирлестирилгенде пайда болатуғын «кумулятивлик (кушейтиўши, топлаўшы) нәтийже» арқалы мүмкин болады. Бирақ аналитикалық сораў-жуўапты түсиник бериў (комментарий) жанрына киргизиўге болмайды. Сондай-ақ бул жанрға, оның мазмунын журналист белгили бир ўақыяларға байланыслы интервью алып атырған адамның тусиниклери қураўы мумкин болған интервьюди киргизиў мүмкин емес. Бул жағдайда материалды интервью жанрына киргизиў усы информацияның мазмуны бойынша емес, ал журналист тәрепинен информацияны алыў усылы бойынша жүз береди. Ал онда баян етилген информация өзиниң мазмуны бойынша баҳалаўшы, түсиник бериўши болыўы мүмкин. Айырым басқада жанрлардағы материалларды қарап шыққанда усындай жағдайды бақлаў мүмкин.

Аналитикалық сораў-жуўаплар «Даракчи» сыяқлы газеталар бетлеринде жийи ушырасады. Журналистлер бул жанрға, мәселен белгили артистлердиң қандайда бир жаңа пьеса ямаса кинофильм бойынша пикирин анықлағанда яки болмаса ҳәзирги заман көркем әдебияты ямаса көркем шығарма ҳаққында жазыўшылардың пикирин билмекши болғанда ҳәм т.б. мүражат етиўи мүмкин. Аналитикалық сораў-жуўапларды басқада көплеген газеталар ҳәм журналлар жәриялап турады.

**Гүрриңлесиў.** Гүрриңлесиў интервью, сораў-жуўап пенен бир қатарда информация алыўдың диалоглық, анығырағы «полилогикалық» усылын пайдаланыўға сүйенетуғын журналистиканың әҳмийетли аналитикалық жанры болып табылады. Гүрриңлесиў көплеген жыллар даўамында баспасөз бетлеринде кеңнен пайдаланбақта. Журналистлик шығарма жанрларын терең изертлеген алымларға, изертлеўшилерге ҳәмде газета-журналларды үзликсиз оқып баратуғын адамларға, «Еркин Қарақалпақстан», «Вести

Каракалпакстана», «Қарақалпақстан жаслары» ҳәм басқада басылымлардың бетлеринде, радио ҳәм телевидениеде алып барылатуғын сәўбетлери жақсы мәлим. «Дөгерек сәўбетлери» жақсы мәлим. Ҳәзирги ўақытта да бул жанрды баспасөзде, радио ҳәм телевидениеде жийи ушыратыў мумкин. Мәселен, «Еркин Қарақалпақстан» газетасының 2009-жыл, 22-сентябрь санынында ӨзАның хабаршылары  А.Иванова ҳәм Ғ.Ҳасановтың «Демократиялық сайлаўлар: пуқаралық жәмийет институтларының орны» атамасындағы материал жәрияланған. Бул газета материалының кирис бөлиминде «Жақында «Пуқаралық жәмийети институтлары ҳәм ҳәкимият ўәкиллик уйымларына сайлаўлар» темасында халықаралық дөгерек сәўбети болып өтти. Ол Өзбекстан Республикасы Орайлық сайлаў комиссиясы, Пуқаралық жәмийети институты, Өзбекстан Экологиялық ҳәрекети, Республикалық «Мәҳәлле» қайырқомлық хоры тәрепинен Миллий демократия институты (АҚШ) ҳәм ЕҚБШның елимиздеги жойбарларының муўапықластырыўшысы менен бирликте шөлкемлестирилди. Форумға Уллы Британия, Ҳиндистан, Пакистан, Россия, Туркия, Украина, Япония сыяқлы мәмлекетлер ҳәм бир қатар халықаралық шөлкемлерден экспертлер, Өзбекстандағы жәмийетлик бирлеспелердиң ўәкиллери қатнасты.»[17] деп жоқарыда атап өтилген темада дөгерек сәўбети болып өткенин айтады. Соң мақаланың тийкарғы бөлиминде дөгерек сәўбетинен қысқа формада үзинди бериледи. Онда «Муҳаммад Асиф Нур, «Diplomatic Insignt» журналының бас редакторы (Пакистан), Талха Балик, «Босфор» газетасының бас редакторы (Туркия), Барбара Потрата, Кембридж университетиниң Орайлық Азия бойынша форумының эксперти (Уллы Британия), Налин Кумар Мохапатра, Ж.Неру атындағы университеттиң Халықаралық изертлеўлер мектеби эксперти (Ҳиндистан), Богдана Бабич, Әмелий сиясат институты директоры (Украина), Минори Окочи, Нагоя қаласы университети юридика факультетиниң доценти

[17] Иванова А., Ҳасанов Ғ.  Демократиялық сайлаўлар: пуқаралық жәмийет институтларының орны. // Еркин Қарақалпақстан. 2009. 22-сентябрь.

(Япония), Кларк Плексико, Миллий демократия институтының ўәкили (АҚШ), Владимир Лафитский, Россия Федерациясы ҳүкимети жанындағы Нызамшылық ҳәм салыстырмалы ҳуқықтаныўшылық институты директорының орынбасары (Россия), П.Морвиж, Нью-Йорк мәмлекетлик университетиниң философия ҳәм жәмийетлик илимлериниң профессоры (АҚШ)» лар өз пикирлери менен жүзеге шығады.

Айырым жағдайларда гүрриңлесиў жанры интервью жанры менен салыстырылып, бирдей деп қаралады. Бирақ бундай салыстырыў, оларды бирдей деп қараў ҳәм усы аты аталған жанрлардағы улыўмалық белгилери бир-бирине жақын болғаны менен тийкарсыз есапланады. Бирдей белгилер– булар бәринен бурын тексттиң еки қурамлылығы. Оның бир бөлеги гүрриңлесиўдиң бир қатнасыўшысына, ал екинши бөлеги – екиншисине «тийисли» болады. Гүрриңлесиўде де, интервьюде де пикирлер алысыўлар, репликалар бар. Бирақ усының менен бирге жанрлар арасында жүда үлкен әҳмийетлы айырмашылық бар екенин айтыў керек. Ол бәринен бурын интервью алыўшы журналистке ҳәм гүрриңлесиўши журналистке ажыратылған рольге байланыслы болады. Ол интервьюдиң ямаса гүрриңлесиўдиң текстлериниң мазмунына айтарлықтай тәсир көрсетеди. Интервью алыўшы ролинде журналист тек сораўлар қояды, ал оған интервью бериўши жуўап қайтарады. Сонлықтанда интервью бериўши материалдың тийкарғы мазмунын, оның сыпатын (соның ишинде позитивлик ямаса сын бағдарда екенлигин) қәлиплестиреди.

Ал, гүрриңлесиўши журналист өзиниң сәўбетлеси менен тең ҳуқықлы шериклес, материалдың болажақ текстиниң мазмунын дөретиўши болып табылады. Сонлықтанда интервьюге тән болған сораў-жуўап түринде пикир алысыў менен салыстырғанда, гүрриңлесиўде «тең ҳуқықлы» теңдей репликалар, ой-пикирлер менен алмасыў жүз береди. Журналист интервью алғанда, ол тек респонденттиң ой-пикирлерин бағдарлаўы ғана мүмкин. Ал

материалдың мазмуны реал турде фактологиялық, баҳалаўшы ямаса басқаша болама, оны тийкарынан респонденттиң жуўаплары белгилейди.

Интервью алыныўшы қаншелли объектив болыўға умтылғаны менен, ол қәлеген жағдайда додалаў предметине өз позициясынан, өз билимлеринен, түсиниклеринен келип шығып қарайды. Сонлықтанда, ол қәлесин ямаса қәлемесин предметтиң өзине көбирек мақул, унамлы тәреплери ҳаққында сөз етеди, өз пикирине қарама-қарсы келген тәреплерин қалдырып кетеди. Гүрриңлесиўдиң буннан айырмашылық белгилери басқа қатнасыўшысы да өзиниң позициясына ийе болыўында ҳәм болажақ мақаланың предмети ҳаққында, атап айтқанда усыннан келип шығып додалай алыўында көринеди. Гүрриңлесиўде еки тең ҳуқықлы шериклес (ямаса бир неше адам) қатнасыўы гүрриңлесиў предметин объектив сәўлелендириў мүмкиншилигин арттырады. Бул журналисттиң (ямаса гурриңлесиўдиң басқа қатнасыўшыларының) өзиниң айрықша позициясында турыўы мүмкиншилигин жүзеге шығарады. Бул позициялар оны додаланып атырған предметтиң басқа аспектлерин, басқа сыпатларын, артықмашлықлары менен кемшликлерин, байланысларын сәўлелендириўге бағдарлайды.

Солай етип, интервьюдеги додалаў предметин бир тәреплеме, «монистикалық» сәўлелендириўден айырмасы гурриңлесиўде додалаў предметин көп тәреплеме, полифониялық көриў мумкиншилиги болады.
Әлбетте, бул ўақыялықты сәўлелендириўдиң объективлигин арттырады.

**Түсиник бериў (комментарий).** Түсиник бериў интервьюге уқсап журналистиканың усылы ҳәм жанры болыўы мүмкин. Усыл сыпатында түсиник бериў материаллардың барлық түрлеринде қолланылады: мәселен қысқа хабарда–басқаның пикирин цитата ямаса ҳәр қыйлы ескертиўлер түринде қолланылады. Корреспонденцияда, мақалаларда, очеркте, шолыўда, рецензияда–сәўлелендириў предметине авторлық түсиник бериў формасында, жуўмақлаўшы пикир, жуўмақ формасында қолланады. Түсиник бериў усылы ҳәтте газета бетине, телекөрсетиў ҳәм радио еситтириўге тийкар

етип алыныўы мүмкин. Бул онда жайласқан ҳәр қыйлы материаллардың бир-бирин өз-ара «түсиндириўинде» көринеди.

Журналистиканың өз алдына жанрын аңлатыў ушын «түсиник бериў» («комментарий», бизиң жүз жыллығымызда қолланыла баслады. Усы анықламаға сәйкес келетуғын материалларда әҳмийетли ўақыяларға түсиниклер берилди. Ҳәзирги ўақытта тийкарғы журналистлик формалар комплексинде түсиник бериў өзиниң әҳмийетли орнын ийелейди. Оның жәрдеминде автор әҳмийетли ўақыяларға өзиниң қатнасын билдиреди, оның менен байланыслы ўазыйпалар ҳәм машқалаларды, кемшиликлер ямаса жетискенликлерди қысқаша таллаў түринде қәлиплестиреди Сондай-ақ, оларға баҳа, олардың раўажланыўына болжаў  ҳәм т.б билдиреди. Түсиник бериў атап айтқанда онда таллаўдың болыўынан басқа информациялық жанрлардан айырылып турады. Мақаладан, шолыўдан ҳәм басқада аналитикалық жанрлардан түсиник бериў онда әдетте аудиторияға мәлим болған қандайда бир қубылыстың таллап шығылыўы ҳәм усы таллаўда сәўлелендириў предметине қатнас басым келетуғыны менен айрылып турады.

Жанр сыпатында түсиник XIX әсирдиң екинши ярымында – XX әсирдиң басында сол ўақытта кең таралған корреспонденция түриндеги қысқа аналитикалық информациялар тийкарында қәлиплести. Бул процесс оның бугинги түсинигинде информацияның ҳәр қыйлы жанрларының пайда болыўы менен бир қатарда жуз берди. Түсиник бериўде (комментарий), информация жанрлары да күнделикли ўақыяларды сәўлелендиретуғын ҳәм ҳәтте олардан алда журетуғын жоқары оперативлик жанрлар болып келди ҳәм болып қала береди.

**Мақала.** Мақала жанры аналитикалық журналистикада тийкарғы жанр болып табылады. «Мақала» түсиниги латынша «articulus» сөзинен келип шыққан болып, «буўын», «ағза», «пүтинниң бир бөлеги» дегенди аңлатады. Бул не ушын журналистлик әмелиятта қәлеген бир өз алдына жәрияланған

материал, газета номериниң пүткил текстиниң бир бөлеги бола турып, «мақала» деп аталыўы мүмкин екенлигин түсиндиреди. Қысқа информациялардан басқа, мақалалар деп ҳәр қыйлы жанрлардағы күтә көп сандағы материалларды атайтуғыны тосаттан емес. Бирақ сөз толық дәрежеде анық «мақала» жанры ҳаққында (сөздиң тар мәнисинде) болғанда, онда мақала дегенде қандайда бир жағдайларды, процесслерди, қубылысларды, олардың тийкарында болған нызамлы байланысларды олардың сиясий, экономикалық ямаса басқада әҳмийетин билиў және усындай жағдайды, процессти, усындай қубылысты қоллап-қуўатлаў ямаса сапластырыў ушын қандай позиция тутыў, өзинди қалай услаў кереклигин анықлаў мақсетинде анализлейтуғын (таллап қарап шығатуғын) материаллар түсиниледи.

Мақаланы бәринен бурын жәмийетлик әҳмийетли болған процесслерди, жағдайларды, қубылысларды ҳәм оларды басқаратуғын нызамлылықларды таллап қарап шығыўға арналған жанр сыпатында анықлама бериў мүмкин. Мақалада предметти аналитикалық додалаў оқыўшылар материалды пайдалана алыўы, буннан кейин өзлерин қызықтырған мәселелер үстинде пикир жүритиўи мүмкин болғанындай етип әмелге асырылыўы тийис.

Солай етип, мақаланың айрықша функциясы ҳаққында айтыўға болады. Ол, мақаланың оқыўшыларға әҳмийетли процесслердиң, жағдайлардың, қубылыслардың жәмийетлик және жеке әҳмийетлилигин, олардың себеп-нәтийжелик байланысларын түсиндириўден, сондай-ақ материалда сәўлелендирилген предметке байланыслы оқыўшыларды пикир журитиўге, ҳәрекет етиўге инталандырыўдан ибарат. Буннан тысқары, ол аудиторияның дыққатын сыпатланып атырған жағдайларға байланыслы пайда болатуғын ўазыйпаларға, машқалаларға қаратады. Усы жағдайлардың анаў ямаса мынаў қатнасыўшысында қандай стратегиялық ямаса тактикалық мәплер бар екенин көрсетеди. Жақсы мақала әҳмийетли жағдай ҳаққында ҳақыйқый түсиник береди, әмелий илажлар көриўге алып келетуғын идеяларды ислеп шығыў

ушын тийкар болып хызмет етеди. «Дурыс» мақала бәрҳама белгили бир сыпаттағы предметти сәўлелендириўге байланыслы болады.

Мақала жанрының предметин әҳмийетли жағдайларда ҳәм процесслерде болған қарама-қарсылықларда ҳәм машқалаларда және оларды шешиў, тәртиплестириў шараятларында олардан келип шығатуғын ўазыйпаларда ҳәм жәмийетлик раўажланыўдың олар менен байланыслы болған тенденцияларында, перспективаларында, нызамлықларында көриў мүмкин.

Ҳәзирги ўақытта баспасөзде мақала жанрының пайда болыўының салыстырма турақлы формалары бар. Олардың тийкарғылары сыпатында төмендегилерди атап көрсетиў мумкин.

**Әмелий – аналитикалық мақала.** Ол бәринен бурын санааттың, аўыл хожалығының, исбилерменликтиң, мәденияттың, илимниң, билимлендириўдиң, бизнестиң, финанслардың ҳәм т.б. әҳмийетли әмелий машқалаларына қаратылады. Буны биз көбирек республикалық газеталар болған «Еркин Қарақалпақстан», «Вести Каракалпакстана» сыяқлы газеталар мысалында көриўимиз мүмкин. Әмелий аналитикалық мақалаларда анаў ямаса мынаў жумыс саласында, өндирис ҳәм тағы басқа тараўыларда шешилип атырған әмелий ўазыйпаларға байланыслы анық машқалалар, ўақыялар, ҳәрекетлер, жағдайлар таллап қарап шығылады. Әмелий–аналитикалық мақаланың авторы өндиристиң анаў ямаса мынаў саласында, бир қатар кәрханаларда, социаллық салада ҳәм т.б. тараўларда қәлиплескен жағдайлардың себеплерин анықлаўды, бул жағдайларға баҳа бериўди, олардың раўажланыў тенденциясын анықлаўды, анаў ямаса мынаў әмелий ўазыйпаларды шешиў жолында турған машқаларды атап көрсетиўди, мумкиншилиги болғанша усы ўазыйпаларды нәтийжели шешиў жолларын табыўды, жәмийетшиликтиң додалаўына қандайда бир конструктивлик усынислар киргизиўди өз алдына мақсет етип қояды.

Егер улыўма изертлеў мақаласының авторы «ел», «путкил дунья», «планета», «жәмийетлик дузилис», «сиясат», «экономика», «халықтың абаданлығы», «басқарыўшы элитаның мақсетлери», «парламенттиң қарары», «халықаралық келисимлер», «еллердиң өз-ара қатнасықларының раўажланыў тенденциялары», «цивилизация» усаған категориялар менен пикир журитсе, ал әмелий – аналитикалық мақаланың авторы «қайта ислеў санаатының ўазыйпалары», «машиналар парки», «кәрханалардың өз-ара байланысы», «тараўда қәлиплескен жағдай», «заводты реконструкциялаў режеси», «Акционерлик жәмийеттиң алған пайдалары», «баҳа белгилеў», «мәкеме», «исбилерменлер», «коллективтеги жағдай» ҳәм т.б. туриндеги категорияларға мүражат етеди. Буны биз газета материаллары мысалында көриўимиз мумкин. Мәселен, «Ден-саўлықты сақлаў мәденияты» орайы баслығы, доцент М.Ережеповтың «Мумия Орайлық Азия Мумиясының емлик қәсийетлери ҳәм оннан пайдаланыў жоллары» деп аталғананалитикалық мақаласында мумияны әмелиятта, халық турмысында қоллаў усыллары, ондағы айырым машқалалар ҳаққында тоқталады. Мәселен, мақалада «Мумиядан қәлеген Адам үй шәраятында пайдаланыў усылларына қысқаша тоқтап өтемиз. Бул мәселени тереңирек үйрениўди қәлеўшилерге жокарыда келтирилген авторлардың китапшаларын оқыўды усынамыз. Асқазан-ишек жоллары кеселликлеринен (сидик ериксиз шығып кететуғын, он еки ели ишек жарасы болған жағдайда қайнатып суўытылған (50-60 градус С) 100 миллилитр суўда 5 грамм мумияны еритип, еритпени музлатқышта сақлап, күнине еки рет азанғы ашаўға, аўқаттан 30-40 минут бурын, кешки аўқаттан 2-3 саат соң, уйықлаў алдынан 10мл.ден (бир десерт қасық) ямаса 2 шай қасық ишиў керек. Бул 5 грамм мумия еритпеси 5 күнге жетеди (күнине 20 мл.ден) 6-күни җәне 5 грамм мумияны 100 мл. суўда еритип, оны 5-күн даўамында ишиў керек. Емлик курс 25-28 күн даўам етеди. Сонда бир курс емлениўге орташа 25 грамм мумия сарпланады. Егер де кеселлик өтлесиңкиреп кеткен жағдайда емлениў курсын такирарлаў керек.

Күнине 1 грамм мумиядан ишкен мақул»[18]-деп анық фактлер тийкарында топлап көрсетеди. Мақаланың жуўмақлаў болиминде болса, «Бул мақалада мысал ретинде көп ушырасатуғын кеселликлерден мумия жәрдеминде емлениў усылларын келтирдик. Ол тәбийғый антиобиотик болғаны ушын оннан пайдаланылса ҳеш зыяны болмайды. Сонлықтан, оннан қорықпастан пайдалана бериў мақсетке муўапық болады.»[19]-деп мумияны халық турмысына коллаў пайдалы екенлигине баҳа береди.

Машқалалық мақаланы таярлаў ҳақыйқый турмыста кеўил қәлеген нәрсе ҳәм мумкин болған нәрсе арасындағы машқалалық жағдайды, жәнжеллик жағдайды уйрениўден басланады. Машқала, журналистти қызықтырған қубылыс ҳаққында өзинде бар болған билимлер жәнe усы қубылыстың нәмәлим тәрепи арасындағы қарама-қарсылықларды аңлап жетиў арқалы оның алдында пайда болады. Бул қарама-қарсылық автор тәрепинен машқаланың анықламасында сәўлелендирилeди.

**Шолыў.** Бул жанр журналистлер тәрепинен ойлап табылмаған, шолыў дәўирли баспасөз пайда болардан көп бурын қолланылып келинген. Усы усылға тән болған шынлықты сәўлелендириў формаларын ҳәм усылларын мәселен Плутархтың (I-II әсирлер) текстлеринде, буннан кейин қытайлы Ван-Ан-Хидиң дидактикалық шолыўларында (XI әсир), сондай-ақ Монтенниң «Тәжирийбелеринде» (XVI әсир) ҳәм Луис Себастьян Мерсьениң «Парижди шолыў» китабының «Бапларында» (XVIII әсир) табыў мумкин. Атап айтқанда Мерсье журналистлик шолыўдың тийкарын салыўшы болып есапланады. Себеби, ол өзиниң он еки томлық басылымының дәслепки бир неше «Бапларын» дәслеп газетада жәриялады.

**Ғалаба хабар қуралларына шолыў жасаў.** «Шолыў жасаў» сөзи журналистикада сыпатлаўды, жуўмақлар шығарыўды, айрықша түрдеги информацияны қарап шығыўды, үйрениўди аңлатады. Ғалаба хабар

[18] Ережепов М. Мумия Орайлық Азия Мумиясының емлик қәсийетлери ҳәм оннан пайдаланыў жоллары // Еркин Қарақалпақстан. 2009. 10-январь
[19] Усы газетадан

қуралларына шолыў жасаў ҳаққында сөз еткенде көбирек материаллардың айрықшалықларын, басылымның, теле ҳәм радио бағдарламалардың әдебий, дөретиўшилик жумысын үйрениў ямаса аудиторияға материаллардың мазмуны, формасы ҳаққында түсиник бериў мақсетинде оны усы материаллар менен таныстырыў усылы нәзерде тутылады.

Буны биз республикамызда шығып атырған дерлик бәрше газеталарда көриўимиз мүмкин ҳәм оның менен көпшилик газета оқырманлары әсиресе журналистика тараўы қәнийгелери жақыннан таныс. Сонлықтанда, биз ғалаба хабар қуралларына шолыўды мысаллар тийкарында терең анализ етип отырмай, оған қысқаша тарийхый характеристика берип, әҳмийети ҳәм оның түрлерине тоқталамыз.

Ғалаба хабар қуралларын шолыўдың басланғыш тарийхый формасы баспасөз шолыўы болды. Бул жанрдың пайда болыўы газета «өнимлерининң» көлеминиң кеңейиўи, газета ҳәм журналлардың ҳәр қыйлылығын түсиниўге умтылыў, олардың не жазып атырғанын, қалайынша ҳәм неге жазып атырғанын билиў, бул ҳаққында оқыўшыға гүрриң етиў менен байланыслы. Мағлыўматларға қарағанда, «дәслеп баспасөз шолыўы айырым изертлеўшилер, илимпазлар тәрепинен жәмийет турмысында баспасөздиң роли және мумкиншиликлери ҳаққында өз тусинигин қәлиплестириў ҳәм усы тусиникти өз заманласларына таныстырыў»[20] мақсетинде әмелге асырылды.

**Таныстырыў – шолыўы.** Халықтың күтә үлкен бөлеги материаллық қыйыншылықларға байланыслы үш-төрт газета, журналлар сатып алыў мумкиншилигине ийе болмағанлықтан, халық арасында үлкен талап, қызығыўшылық пайда ететуғын басылымлар, сондай-ақ радио ҳәм теле бағдарламалар басқа басылымлардың не ҳаққында жазып атырғаны ямаса басқа теле ҳәм радио бағдарламалардың не ҳаққында хабарлап атырғанын адамларға мәлим етиў ўазыйпасын өзине алады. Бунда шолыўшылар өзиниң «таныстырыўын» енди ғана шығарыла баслаған жаңа басылымлардың

[20] Тертычный А.А Жанры периодической печати. – М.: Аспект Пресс. 2002. – С.119 .

шолыўына бағышлаўы, ямаса оқыўшыға белгили болған газета ҳәм журналлар бетлеринде жәрияланған материаллар ҳаққында гүрриң етиўи мүмкин.

Шолыўдың биринши жағдайында жаңа журналдың тутас бир саны ҳаққында сөз етилиўи, ал айырым жағдайларда онда басылымның бир неше санлары қарап шығылыўы мүмкин. Бундағы мақсет бир – жаңа бысылымның характерин, оның артықмашлықларын ҳәм кемшиликлерин көрсетиў болып табылады. Екинши жағдайда шолыўдың авторы өз көз-қарасынан ҳәр қыйлы басылымлардағы ең қызық материалларды аудиторияға таныстырыўға умтылады.

Көбинесе бундай материаллар шолыўшы тәрепинен ондағы тийкарғы белги–сенсациялық дәрежесине қарап таңлап алынады. Материалда сенсация қаншелли күшли болса, оның ғалаба хабар қураллары шолыўына киргизилиўине соншелли мүмкиншилик күшейеди. Бундай шолыўларды автор әдетте ең тийкарғы сенсациядан баслайды. Бул материалға аудиторияның дыққатын қаратады. Буннан кейин басқада жаңалықлар баян етиледи.

**Хатларға шолыў.** Хат редакция менен аудиторияны бир-бирине байланыстырыўшы ең кең таралған қураллардан бири болып табылады. Хатларды журналист материалында оннан қысқа яки толық пайдаланыў, шолыў, редакция ислерин режелестириўде пайдаланыў сыяқлы тийкарғы үш бағдарда қолланыўы мүмкин.

Хаттың тийкарғы қәсийети оқыўшы, тыңлаўшы ямаса тамашагөйдиң қандайда бир қызықтырған темаға ўақыя яки ҳәдийсеге актив мүнәсебети болып табылады. Хат улыўмаласқан ҳалда жәмийетшилик пикириниң сәўлеси, ол халық турмысында болатуғын ишки жәмийетлик процессти тиклеў имканын береди.

Өз мазмуны жағынан хатлар, биринשиден, реал турмыстағы ҳәдийселер ҳаққында хабар береди. Усы факт рәсмий болмаған ҳалда

журналист қолында топланған барлық материаллар ҳәм дәлиллердиң сәўлелениўине жәрдем береди. Екиншиден, хатлар болып өткен ҳәдийселерге халық тәрепинен берилип атырған баҳаны өзинде сақлаған болады. Усы баҳа ҳәдийселерге берилген рәсмий баҳа яки журналистлер тәрепинен берилетуғын көбирек рәсмий баҳаларға жақын қойылатуғын баҳалардан ажыралып турады. Үшиншиден, хатлар көбинесе ғалаба теманы баян етиў ҳәм аудитория пикирлерин сәўлелендирген болады.

Хатлардың тәжирийбели анализи, оларды бир неше көз-қарастан үйрениўди өз ишине алады. "Редакцияда хатлар менен ислеў" китабының авторлары бул туўралы "Хатлардан өнимли пайдаланыў көбинесе оларда баян етилген информацияны анализлеў дәрежесине байланыслы. Буның ушын информация менен ислеўдиң илимий тийкарланған усылларын қолланыў керек. Хабарды анализлеўде төмендеги қуралларды ажыратып көрсетиў мүмкин:

1. Барлықты билиўдиң улыўма жәмийетлик усыллары
2. Хабарды үйрениўдиң арнаўлы қураллары
3. Хатларды ҳәм авторларды үйрениўдиң жәмийетлик - руўхый ҳәм психологиялық усыллары.
4. Текстлерди филологиялық усылда үйрениў ҳәм ислеў.
5. Ҳүжжет пенен ислеўде әмелий қағыйдаларға сүйениў дәрежеси.

Усы усыллардың қолланылыўы сезимлер арқалы емес, ал хатты түсинген ҳалда мағлыўматлар қатарына киргизиўди билдиреди"[1]-деп көрсетеди.

Хатларды үйрениў процессине социологиялық қатнаста болыў редакцияға мәлим дәўирлерде келген бәрше хатларды, редакцияға әҳмийетли болған жалғыз хаттыда улыўмаласқан ҳәм тәртипли түрде үйрениўден ибарат.

---

[1] Работа с письмами в редакции./Под ред. С.М. Гуревича.-М.:1991.-19-с.

Солай етип, аналитикалық жанрлар өз гезегинде ишки иерархиясына ҳәм бир неше ишки жанрларына ийе болады. Бул жанрлар өзине тән қәсийетлери, структуралық дүзилиси менен бир-биринен ажыралып турады.

Жуўмақлап айтқанда жәмийетлик әҳмийетке ийе болған процесслерди, жағдайларды, қубылысларды ҳәм оларды басқаратуғын нызамлықларды анализ етиў ҳәмде мәлим бир предметти аналитикалық додалаў аналитикалық жанрлар топарының ең әҳмийетли белгиси сыпатында көринеди.

# 2.БАП. ИНТЕРНЕТ СИСТЕМАСЫНДА ЖАНРЛАР ЭВОЛЮЦИЯСЫ

## 1.1. Заманагөй басқышта Интернет журналистикасының раўажланыў басқышлары

Дәуирдиң өзгериўи жыллар даўамында инсанияттың жаңадан-жаңа илимий изертлеў жумысларын алып барыў ҳәм жаңалық ашыў ушын тийкар болмақта. Артымызда қалған ХХ әсир илим-пән ҳәм техника цивилизациясына гуўа болды. Бул цивилизация өз нәўбетинде техника раўажланыўының басқышларын тезлестирип жиберди ҳәм инсанияттың социаллық турмысына көбирек қолайлықлар киргизди. Биз енди орнымыздан турмай телевизорды каналдан-каналға өткизиўимиз, уялы байланыс телефоны арқалы дуньяның қәлеген точкасы менен байланысыўымыз яки парабеллик антенна жәрдеминде халықаралық телеканалларды тамаша етип, дуньядағы ўақыялардан хабардар болыўымыз мүмкин. Өткен әсирлерде ата-бабаларымыз болса бундай қолайлықларды тек ғана фантастикалық гурриң ҳәм әпсаналар арқалы көз алдыларына келтириўи мүмкин еди. Бүгинги турмыс тәризимиз буннан жүз жыл алдын жасаған адамлардың турмыс тәризинен техника технологияның жоқары раўажы есабынанан кескин парықланады.

Инсаният хызметиниң түрли тараўларына информациялық технологиялардың кирип келиўи раўажланыў процесслерине нәтийжели тәсир көрсетпекте. Бүгинги күнге келип хабар технологиялары ҳәм интернет дәуир көринисин белгилеўши заманагөй бирлемши қураллар қатарынан орын алды. Ҳәзирде компьютер, телефон ямаса факссыз жумыс алып барыў жүдә қыйын. Жәмийетимиздиң бәрше тараўлары ушын әсиресе журналистлер хызметинде интернет тармағы шексиз мағлыўматлар дерегине айланды. Шегаралардан өтпей турып, байланыс жасаў тек ғана әпиўайы адамлардың узағын жақын, аўырын жеңил етип қалмай мәмлекетлер аралық болып өтетуғын жәмийетлик, экономикалық, сиясий, мәдений мүнәсибетлердиң

тезлик пенен әмелге асыўына имканият жаратады. Усы процесслердиң әмелге асыўында жәҳән хабар тармағы интернеттиң үлеси көп.

Интернет тармағы коммуникацияның глобалласыўы ушын шексиз имканиятлар ашып берди ҳәм дуньядағы ең либерал системалардың бири болып, жеке тәртипте оның ҳеш қандай ийеси жоқ. Оның хызметин муўапықластырыўшы жалғыз системада жоқ екенлиги бәршеге мәлим. Дәстурий информация қуралларынан парықлы рәўиште ўақыт ҳәм аймақ шегарасы сыяқлы тусиниклери интернет ушын әҳмийетли емес. Онда ҳәр қыйлы информациялар ағымы, ҳәмийше шегара билмей ҳәрекетте, мәселениң бул тәрепи халықаралық әҳмийетке ийе. Интернет глобал инфрасистема болып ол дуньяның ҳәмме мәмлекетлерин өз ишине қамтып алған. Бугинги кунде дунья бойлап Интернет тармағының шексиз мағлыўматлар ҳәм жаңалықлар, турли тараўларда хызмет көрсетиў дереги сыпатында раўажланып атырғанлығына гуўа болыў мүмкин. Тармақ керекли билим ҳәм хабар, турли хызметлер дереги есапланады. Ол шексиз жөнелислерге ийе улкен китапханаға уқсайды. Оның бөлеклеринде түрли тараўларға тийисли мағлыўматлар жайластырылған. Олардан нәтийжели пайдаланыў болса, адамның өзине байланыслы. Базы қәнигелер интернетти жаңа ғалаба хабар қуралы сыпатында қарайды. Нәтийжеде өзинде жаңа Интернет журналистика атамасы пайда болды. Тармақ өзинде барлық ғалаба хабар қураллары телевидение, радио, газета қәсийетлерине ийе ҳәм информацияның көплиги оның бул ҳаққындағы улыўма үстинлигин тәмийнлейди. Соны да айрықша айтып өтиў керек тезлик пенен өзгерип баратырған ҳәзирги глобалласыў дәўиринде Интернет өзиниң бир қанша қолай имканиятлары менен бир қатарда, айырым машқалаларды да келтирип шығармақта. Жузеге келетуғын машқаланы шешиў мақсетинде бир қанша мәмлекетлерде әмелий жумыслар баслап жиберилген.

К.Эрназаров, Е.Маматова ҳәм И.Тошалиевалар өзлериниң “Репортёрлық хызмети теориясы ҳәм практикасы” атлы китабында

интернетти "Материялларды жазыў, журналистлик изертлеўлер өткизиў ҳәмде жаңалықларды мониторингден пайдаланыў мүмкин болған информациялық ғәзийнеси"[21]- деп баҳалайды.

Бүгинги күнде көплеген газета-журналлардың интернетте электрон версиялары бар ҳәм олар реңли фото, даўыс ҳәм видео имканиятлары менен тәмийнленген. Интернетте мағлыўматлар ҳәм жаңалықларды тезлик пенен жеткерип бериў имканиятлары жолға қойылған, соның менен бирге тармақтың яды шегараланбаған. Жаңаланыўлар избе-из жүз берсе де ескирек хабарды архивлеў мүмкин, яғный керек болғанда аңсат ашып пайдаланыў имканиятына ийе. Оқыўшыда жүдә үлкен муғдардағы мағлыўматқа ийе болыў жолы бар болса да, бул хабарлар оған "електен" өткизилгин ҳәм тәртиплеп бекитилген ҳалда бериледи. Архив баспасы улыўмалық өнимниң бөлимине айланады ҳәм оны бәрҳама алып оқыў мүмкин. Бунда ҳәмме архив излеў машинасы менен тәмийнленген. Бул арқалы реакцион материалларды сәнеси, темасы ҳәм бөлимлерине қарай табыў мүмкин. Архив журналистика нәтийжелигиниң артыўына тәсир етеди.

Ғалаба хабар қураллары тараўында әсиресе, заманагөй интернет журналистикасында "интерактивлик" тусинигиниң ислетилиўинде көбинесе техникалық ҳәм жәмийетлик турлерге тийкарланған ҳалда ажыратады. Техникалық дегенде пайдаланыўшы ҳәм техникалық қурал арасындағы өз-ара хызмет (инсан-компьютер), жәмийетлик қолланыўшылар арасындағы, лекин техникалық қураллар арқалы мунәсибети (инсан-компьютер-инсан) нәзерде тутылмақта. Журналистикада қолланатуғын "интерактивлик" "инсан-инсан" шынжыры "инсан-машина" өз-ара хызметинде оқыўшы машинаға тәсир етиў имканияты ҳәм таңлаў имканиятына ийе болады. Интернетте хабар алыўдың белгиленген қағыйдалары яки анық мәнзили көплеген болып, оларды мәлим дәрежеде таңлаў усылы жоқ.

[21] Эрназаров К.Т. Маметова Ё.М. Ташалиева И.Э. Репортёрлик фаолияти назарияси ва амалиёти. – Т.: Университет. 2002. – Б. 88.

Анығырақ етип айтатуғын болсақ, күнделикли газеталарды гүзетип баратуғын оқыўшы өзине керекли мағлыўматты қай жерден табыўды ямаса қайсы бетте қандай информация барлығын жақсы биледи. Оның ушын мақаланың темасын үлкен ҳәриплер менен жазыў да шәрт емес. Сонда да тема бойынша жөнелтирилгенлиги буған имкан жаратады.

Интернет имканиятларының қолайлық тәреплери, оның узатылған мағлыўмат яки жаңалықты, сондай-ақ текст, фото, аудио (даўыс) ҳәм видео көринислер менен де тәмийнлеўге болатуғынлығында көринеди. Бул заманагөй интернет журналистикасының басқа ғалаба хабар қуралларына қарағанда үстин тәреплерине ийе екенлигинен дерек береди.

Мәмлекетимиз Президенти И.А.Каримов «Жоқары мәнаўият– жеңилмес күш» атлы китабында глобалласыў процесслери ҳәм идеологиялық гүреслер ҳаққында айтып өтер екен, «Глобалласыў бул, ең дәслеп заманның жоқары дәрежеде жеделлесиўи болып табылады. Ҳәр бир социаллық ҳәдийсениң унамлы ҳәм унамсыз тәрепи болғаны сыяқлы, глобалласыў процесси де буннан жырақ емес. Ҳәзирги ўақытта оның оғада кескин ҳәм кең көлемли тәсирин барлық тараўларда көриў, сезиў мүмкин»[22] деп жазады. Усы пикирлерди «Өрмешек торы» деп аталған интернет мысалында алып көретуғын болсақ, оның қаншелли реал екенлигин көриўимиз мүмкин.

Ғәрезсизлик жылларында мәмлекетимизде көплеген нызам ҳүжжетлери дәўир талабынан келип шығып, демократиялық принциплерге тийкарланған ҳалда жаратылды. Ғәрезсизликтиң дәслепки жылларынан баслап-ақ, анығырағы 1994-жылда мәмлекетимизде ғалаба хабар қуралларының улыўма саны 445 ти қураған болса, бүгинги күнде олардың саны 1095 ге жетти ҳәмде бул көрсеткиш жәнеде өсип бармақта. Бул бағдарда мәмлекетлик емес ғалаба хабар қуралларының саныда көбейип атыр. Егер 1994-жылда мәмлекетлик емес ғалаба хабар қуралларның саны 31 ди қураған болса, бүгинги күнге келип олардың саны 520 дан асып кетти.

---

[22] Каримов И.А. Жоқары мәнәўият – жеңилмес күш. – Т.: Маънавият. 2002. – Б. 111.

Ҳәзирги ўақытта интернет журналистикасы да жеделлик пенен раўажланып бармақта. Жаңа баспадағы нызамның 4-статьясында улыўма пайдаланыўдағы телекомуникация тармақларындағы веб-сайтларда, егер информация характерине ийе болған мағлыўматты тарқататуғын болса, ғалаба хабар қураллары сыпатында көрсетип өтилген. Елимизде нызамның усы статьясы талапларына жуўап беретуғын 60-дан артық веб-сайтлар хызмет көрсетип келмекте. Информацияның глобалласыўы процессине өтиў дәўиринде Интернет тармағында Өзбекстанға тийисли миллий сайтларды көбейтиў лазым.

Бүгинги кунде раўажланған мәмлекетлер дуньяда информациялық үстинликке ерисиўге умтылып атыр. Бул туўралы өзине тән бәсеке келип шығады. Себеби информация тараўындағы үстинлик ҳәзирги ўақытта мәмлекеттиң басқа экономика, сиясат, мәденият ҳәм тағы басқа тараўлардағы үстинлигин тәмийнлейди.

## 2.2. Интернет журналистикасының жанрлары

Интернет журналистикасында дәстүрий ғалаба хабар қуралларында хызмет ететуғын барлық жанрларды көриўимиз мүмкин. Бирақ қағаз газета яки дәстүрий радио ҳәм телевидениеден онлайн журналистикасының бир қанша артықмашлықлары болғаны сыяқлы Интернет журналистикасының жанрларында да базы-бир өзине тән өзгешеликти формалық ҳәм структуралық айырмашылығы болады. Биз Интернет журналистикасы жанрларының өзине тән қәсийетлерин анализ етиўден алдын интернеттиң абзаллықларына қысқаша характеристика берип өтемиз.

Журналист жумысында жаңа технологияларды қолланыў бүгинги күнде ең актуал машқалалардың бири болып табылады. Лекин, теориялық жақтан бул ең кем изертленген темалардан бири десек те болады. Ҳәзирги ўақытта бизиң елимизде журналисттиң интернетте ҳәм интернет пенен жумыс алып барыўы өзгешеликлери ҳаққында сөз етилген әдебиятлар жоқ.

Тек ғана батыста басып шығарылған бирнеше жумыслар бар болып, олар Москва Миллий баспасөз институты жәрдеминде журналистлер итибарына жеткерилди.

Бул әдебиятлар арқалы журналистикада мәлимлеме компьютер усылларын қолланыўға тийкар салған Майердиң исми кеңнен танылды. Майердиң «Жаңа аналитикалық журналистика» китабы – бул статистикалық мағлыўмат пенен ислеўши журналистлер ушын классикалық текст ҳәм пайдалы қолланба болып табылады. Лекин, Майердиң әжайып тәжирийбесин басқа журналистлер өз ўақтында қоллап-қуўатламады. Олардың айырымлары ғана бул жаңа методты раўажландырып барыў ушын зәрүр болған ўақытқа, үскенеге яки маманлыққа ийе болған. Сахнада рок-н-ролл жанры патшасы Элвис Пресли пайда болғанға шекем, бул жанр ықласбентлери кем болғанындай, компьютер жәрдеминде журналистлик материалларды таярлаў өз ўақты-саатын ҳәм басқа тулға пайда болыўын күтип атырған еди.

Бул шахс Эндрю Скотт болды, қалайда, оның «Компьютер технологиялары журналистикада» атлы китабы өз оқырманларын тапты.[23] Лекин, көпшилик оны түсинбеди. Бул Россия журналистлериниң заманнан артта қалғанлығы яки компьютер технологияларынан хабарсызлығы себепли емес. Бул китапта көплеген керекли ҳәм пайдалы мағлыўматлар көп. Лекин, американы журналисттиң Россияның қалаларында айыўлар жүретуғын, ҳәр бир адамы – мафиози болған ел деген түсинигин өзгертиў қыйын.

Ол өз китабын төмендеги мысал менен баслаған:

«Жергиликли газетадан репортёр қыз өрт жүз берген жерге келди. Ол қорқынышлы көринистиң гүўасы болды: әйнеклерден қара түтин шығып, өрт өшириўшилер шланглар менен жуўырысып, өртке суў сеппекте. Көз алдында үй-жайларын дүнья мүлки менен қоса өрт жалмап атырғанын көзи менен көрип турған адамлар жыласпақта. Телевидение операторлары камералары менен жуўырысып жүр. Полиция тәртип орнатыўға урынбақта. Журналист

[23] Скотт Э. Компьютерные технологии в журналистика. – М.: Наука. 1999.

қыз тез-тез бир нәрселерди жазып, полицияға, өрт өшириўшилерге, жайы өртенгенлерге сораў бериўге урынбақта. Ол ҳәдийселерди толық сәўлелендириў ушын еле көп нәрсени анықлаў зәрүр екенлигин биледи. Қалайынша ҳәм қай жерде өрт пайда болды? Қандай тәризде? Неше адам жәбир көрди? Қурбанлар барма? Кешки саат алты болып қалды, материалды тапсырыўға еки саат ўақыт бар.

Айырым сораўларына ол сол жердиң өзинде жуўап алды. Лекин айырымлары жуўапсыз қалды. Жанып атырған имараттың баҳасы қанша? Биринши қабаттағы «Бистро у Джо» ресторанына ҳаққында қандай мағлыўмат бар, Джо деген ким, оның менен қалай байланысыўға болады?

Журналист қыз машинаға қайтып келип, портатив компьютерди уялы телефонға жалғайды ҳәм Интернет тармағы провайдери менен байланысады. Соң ол қалалық басқарманың Web-тармағының басланғыш бетине киреди ҳәм көшпес мүлкке болған салықлар ҳаққында ҳүжжетлер жайласқан мағлыўматлар базасын таңлайды. Имарат исбилермен Игорь Мафинскийге тийисли. Ол миллион долларға баҳаланады. Соң қыз сол сервердиң өзинде берилген лицензиялар ҳаққында мағлыўматлар базасына өтеди. Бул жерде ол «Бистро у Джо» ресторанын ашыўға лицензия үш ай бурын берилгенлигин, ал ийесиниң фамилиясы Иванович екенлигин анықлайды. Кейинги тексериў Иванович бурында ҳәрқыйлы атамадағы және үш ресторан ашып қойғанлығын көрсетти.

Соңынан ол газетаның Web-сайтына өтип, өз паролин киргизеди ҳәм газета тәрепинен автоинспекциядан алынған, айдаўшылық гүўалықлары мағлыўматлар базасына киреди. Излеў режиминде, ресторан ийесиниң фамилиясын киргизип, бир секундтан соң қыз оның жасын, мәнзилин ҳәм телефон номерин билип алады. Усы мағлыўматлар базасынан ол Ивановичтиң ислери жақсы кетип атырғанлығын билип алады. Еки жыл алдын Иванович «Жигули» машинасын «Тойота» ға алмастырған, ал ҳәзир «Мерседес» машинасы бар екен. Кишигирим ресторан ийеси ушын бул сәл

көплик етеди. Газетаның электрон архивине өтип, ол Иванович өз ресторанлары ушын ижараға алған жайлардың мәнзиллерин анықлайды ҳәм олардың ҳәр биринде ресторан жайласқан биринши қабаттан басланып, пүткил имаратқа тарқалған үлкен өрт пайда болғанлығын анықлайды. Көшпес мүлк ҳаққында мағлыўматлар базасына қайтып кирип, ол жанып кеткен үш жайда Мафинскийге тийисли болғанлығын анықлайды.

Компьютерин өширип, журналист қыз Джоның телефон номерин тереди.

«Иванович, сизиң ресторанда және өрт болды. Қамсызландырыў ақшасын алып, Мафинский сизге енди қандай машина алып берер екен? «Ламбордини»ме?»

Китаптың авторы журналистлер мағлыўмат топлағанда ҳәм текстти баспаға таярлағанда Интернеттиң мүмкиншиликлерин жақсырақ билиўи ушын бул ўақыя ойлап табылғанлығын тән алады. Ҳақыйқатында да, бул ўақыя фантастика емес.

«Бул дүнья жүзинде мыңлап журналистлер пайдаланыўы мүмкин болған ҳәм ҳақыйқатында пайдаланып атырған журналистлик жумыстың бир усылы» деген Э.Скотттың пикирине қосылса болады.

Интернетте ҳәрқыйлы ўақыт тосқынлықлары жоқ болып бармақта. Көпшилик жағдайларда баспа басылымының электрон версиясын ол жарыққа шықпастан бурын-ақ оқыўға болады. Полиграфиялық ислеп шығарыўға сарпланған ўақытқа басылымды жеткерип бериў ҳәм сақлаў ушын да ўақыт қосылатуғын узақ жерлерде оперативлик ҳаққында умытса болады. Қалайда, бүгинги күнде «Новый мир» журналының таза номерин Интернетте Ростов университети китапханасынан еки ай алдын оқыўға болады.[24]-деп жазады В.В. Кихтан.

Көрип турғанымыздай, Интернетти глобал ғалаба хабар қуралы деп атасақ асыра айтқан болмаймыз. Бул Интернет пайда болғанға шекемги

[24] Кихтан.В.В. Информационные технологии журналистике. – Ростов н/Д.: Феникс. 2006. – Б. 218.

дәўирде бирден үйимизге барлық газеталарды, журналларды, китапларды жазылып алдырыў ҳәм бир ўақыттың ишинде телевидение ҳәм радионың барлық каналларын қосыў имканияты пайда болғанындай бир нәрсе. Бир ўақыттың ишинде барлық мағлыўмат дереклеринен бирден пайдалана алыў ҳәм бунда жеке өзиңиз таңлап алыў имканиятына ийе болыў – бул әжайып? Мәлимлеме – излеў системасына кирсеңиз, қәлеген билим тараўы бойынша мағлыўмат аласыз.

Интернетте керекли мағлыўматты излеў ушын үлкен билим тараўларына бөлинип, басқышпа-басқыш бөлимлерге, бөлимшелерге бөлинген каталоглар жүдә қолайлы. Оларда мәлимлеме классификациясы Универсал онлық классификация тийкарына салынған принцип бойынша дүзиледи. Бул системада (оның ишинде де, ҳәрқыйлы серверлер ҳәм сайтларда да) онлап мәлимлеме агентликлери, баспа басылымлардың электрон версиялары ҳәм электрон (тармақ) газета ҳәм журналлар жумыс алып барады.

Дәстүрий мәлимлеме агентликлери, мәселен ИТАР-ТАС, Интерфакс, «РИА Новости» ҳәм басқалар Интернетте өз серверлерине ийе. Лекин, тек тармақлық болған агентликлерде бар. Олардың бири – НСН (Миллий жаңалықлар хызмети, ямаса NNS-Nasional news service) 1994-жылдан баслап ҳәрекет етпекте ҳәм раўажланған өз хабаршылар тармағына ийе. Агентлик турақлы түрде аналитикалық жанрлардағы мақалалар топламларын шығарады. Бул мақалалар жоқары теориялық ҳәм публицистликалық дәрежеде жазылған.

Россияның ири мәлимлеме – излеў системаларында, булар Rambler, Russia on the Net, Press Net, Jeo communication – көплеген газеталар, журналлар, дәўирли топламлар, сондай-ақ, ҒМДА еллериниң басылымларының электрон версиясы жайластырылған.

Оригинал тармақлық басылымлардан «Русский журнал», Zhurnal. RU. Н.Ж.М.Д. (Название желающие могут додумать, яғный Қәлеўшилер

Атамасын Қосымша Ойлап Табыўы Мүмкин), Петербургтиң DUXNET басылымы. Булардың бәри шама менен бир ўақыттың ишинде, 1996-1997-жылларда дөретилген.

Барлық кәсиплик талапларға жуўап беретуғын, тармақлық ғалаба хабар қураллары жаңа түри ўәкилин – Gazeta RU. атап өтиў орынлы.

Журналист ушын Интернеттиң әҳмийети күтә үлкен.

- Биринширден, бул мониторинг жанрындағы жаңалықлары ушын да, аналитикалық жанрдағы материалларды жазыў ҳәм журналистлик изертлеў жүргизиў ушын да пайдаланылыўы мүмкин болған ҳәрқыйлы мағлыўматларды береди.

- Екиншиден, Интернет мағлыўмат мәлимлемелерден баслап (сөзликлер ҳәм энциклопедиялардағы мақалалар, статистикалық мағлыўматлар, библиография, карталар, адреслер, компаниялар ҳәм шөлкемлер ҳаққында мағлыўматлар ҳәм т.б.), ҳәрқыйлы мәселелер бойынша тармақлық сөйлесиўдиң ҳәрқыйлы формасында (-конференциялар, форумлар, мийман дәптерлери ҳәм т.б.) адамлардың билдирилген пикирлерине шекем зәрүрли мағлыўматларды излеўди аңсат әмелге асырыў мүмкиншилигин береди. Солай етип, Интернет бул мәлимлеме океаны ҳәм бул океаннан керекли нәрсени тутып алыў ушын Тармақ (қармақ).

- Үшиншиден, Интернет – бул телефон, факс ҳәм басқа да үйреншикли байланыс усылларынан анағурлым артық болған нәтийжели коммуникация қуралы.

- Төртиншиден, Интернет жаңа типтеги ғалаба хабар қураллары жедел қәлиплесип атырған үлкен медиа кеңислик болып табылады. Электрон ғалаба хабар қураллардың гипертекстлик ҳәм мультимедиалық имканиятлары оларға оқырманларды да, реклама бериўшилерди де тартады. Тармақта журналистлердиң жаңа қатламы қәлиплеспекте; өзиниң айрықша усыллары ҳәм методларына ийе болған тармақлық (онлайн) журналистика раўажланбақта; өз кәсиплик аўқамлары ҳәм «жулдызлары» пайда болмақта;

дәстүрий ғалаба хабар қураллары репортёрлары ҳәм хабаршылары әсте-ақырын онлайнға өтпекте.

Журналист жумыс алып барып атырған айқын медиа салаға қарамастан (Пресса, радио, телевидение ҳәм т.б.) Интернет ол ушын әҳмийетли мийнет қуралы болып табылады. Мәлимлеме менен профессионал ислеўши ҳәрқандай адам ушын да Интернет усындай әҳмийетке ийе.

Айырым болжаўлар бойынша, жақын ўақытта барлық журналистлер үш категорияға бөлинип баслайды. Олардың гипотезалық көриниси төмендегише:

- Интернетте улыўма ислемейтуғынлар;
- Интернетти «кириў каналы», яғный соңынан дәстүрий баспа, теле ҳәм радиотехнологиялар шеңберинде қайта исленетуғын мағлыўмат дереги сыпатында қарайтуғын пассив пайдаланыўшылар;
- Интернетти «шығыў каналы» сыпатында пайдаланып, өз мәлимлеме өнимин Дүнья жүзлик тармақта тарататуғын web – журналистлер.

Интернет – журналистика өз өзгешеликлерине ийе. Биринши нәўбетте бул киши (көлеми бойынша) формалар журналистикасы. 8-10 мың белгиден аслам болған онлайн - шығарманы оқыйтуғын адамды көз алдыңызға келтириў қыйын. Әсиресе ўақты шекленген dial – up жалғаныўда. Буннан тысқары, материал киши атамалары бар қысқа айқын блоклерге бөлиниўи ҳәм ажыратыўдың текстти жанландыратуғын ҳәм ең әҳмийетли орынларын күшейтиўи мүмкин болған қолайлы усыллары (боялған, курсив, астын сызыў, маркировкаланған дизимлер) қолланылыўы мақсетке муўапық болады. Сиз текст емес, ал гипертекст жазып атырғанлығыңызды есте сақлаң. «Буны усы жерде көресиз» деген жанға тийетуғын жазыўларсыз дереклер ямаса қосымша мағлыўматқа силтеўди пайдаланып үйрениў зәрүр.

Тармақлық басылымларды оқыйтуғын адамлар «қағаздағы» ғалаба хабар қуралларын оқыйтуғын орташа оқыўшыдан ҳәм телетамашагөйден өзгеше екенлигин есапқа алыў керек. Әдетте, бул оқымыслырақ ҳәм

бардамлырақ аудитория. Бундай оқыўшылар «жақсырақ» ямаса «жаманырақ» екенлигин анаў ямаса мынаў басылым өзи шешеди. Бирақ, бул факторды есапқа алмаса болмайды. Себеби, тармаққа жалғанған компьютер ҳәр бир шаңарақта үйреншикли нәрсеге айланбақта.

Интернет журналистиканың әҳмийетли өзгешелиги – бул оның интерактивлиги, яғный көплеген виртуал басылымлар үскенеленген форумлар ямаса мийман дәптерлери жәрдеминде қызыққан оқыўшы менен оператив диалогқа кирисиў имканияты. «Еки тәреплеме байланыс» арқалы редакция менен өз-ара түсиниўге ерисилсе, қызықлы мақала циклге ямаса турақлы рубрикаға тийкар салыўы мүмкин.

Жумыс түрин таңлаў мәселесине қайтып келиў ҳәм web – журналистикаға тоқтаўымыз себеплери төмендегилер болып табылады

- турмыс дәрежеси асыўы – жаңа, салыстырмалы көп төленетуғын ҳәм зәрүрли қәнигеликти өзлестириў;
- инсан затының ең түсиниксиз тәреплериниң бири болған қызығыўшаңлық;
- сәўбетлесиў – дослық байланысларды орнатыўдың қосымша стимулы ҳәм усылы;
- өзин танытыў имканияты – улыўма дөретиўшилик ҳәм соның ишинде журналистика ушын ең әҳмийетли себеплерден бири;

Басламасы жақсы болыўы ушын қайсы жанрды таңлаў бойынша мәсләҳәт бериў мүмкин емес. Жалғыз мәсләҳәт – өз имканиятларыңызға артықша баҳа бермең. Сиз жақсы жазатуғынлығыңызды еле дәлиллеўиңиз керек. Сол себепли жақсы таныс темалардан баслағаныңыз дурыс болады. Мазмунынан баслаң – формасы өзи табылады.

Енди биз Интернет журналистикасында ең көп ушырайтуғын жанрлар топарына тоқталып, оның өзине тән болған қәсийетлерине қысқаша тоқтап өтемиз. Неге дегенде магистрлик диссертациямыздың биринши бабында журналистика жанрлары классификациясына улыўма сыпатлама берип өткен

едик. Бул бапты болса Интернет имканиятларының жанрлардан пайдаланыўдағы өзине тәнлиги, абзаллықлары ҳаққында анықлама беремиз.

**Хабар**. Интернетте хабар жанры кең тарқалған ҳәм жийе қолланылатуғын ең оператив түри болып табылады.

Егер жәмийетшиликте үлкен қызығыўшылық оятатуғын әҳмийетли яки күтилмеген жыйналыс болатуғын болса, онда сайтда жаңалыққа арналған рубрика берилип, ол ҳаққында ҳәр саат сайын жаңа мағлыўматлар берилип барылады. Сайытқа бул жаңалық ҳаққындағы хабарды тек қурғақ ғана киргизип қоймастан, оған қосымша ҳәр тәреплеме пикирлер, көринислер ҳәм қосымша мағлыўматларда бериледи.

Айырым сайтларда жаңалықларға бағышланған арнаўлы рубрикалар бирнеше бөлимлердиң биринде фактлер берилсе, екиншисинде картина, үшиншисинде шолыў бериледи. Ал, төртинши бөлиминде болса, анализ ҳәм болжаўлар бериледи.

**Жаңалық ямаса репортаж.** Бул жанрда баслаў қыйын, бирақ базыда тосаттан әўмет күлип бағады. Тек ғана бир жерге басқалардан бурынырақ жетип барыў ҳәм басқалардан көбирек нәрсе билип алыў зәрүр. Лекин, соны умытпаў керек, тармақлық журналистиканың артықмашлықлары бул жерде дерлик хеш қандай роль ойнамайды (егер гәп «тармақлық» ҳәдийсе ҳаққында бармаса), ири хабар агентликлери менен бүгинги күнде бәсекилесиў пайдасыз. Репортёрдың жумысының және бир өзгешелиги, ол тынымсыз ҳәрекет етиўи керек.

**Интервью.** Интернет, Usenet жаңалықлар топары ҳәм электрон почта интервью алыў ушын кең имканиятлар ашып береди. Сиз интервью бериўшиге жуўапларды ғана жазып қоймастан, сораўларды да өзи жазыўын усыныс етиўиңиз мүмкин. Ҳәр қандай жағдайда да, тексттиң бурмаланыўына улыўма жол қойылмаўы тийис, болмаса интервью биринши ҳәм ақырғысы болыўы мүмкин.

Бул жанрды таңлаған журналист өз потенциаллық респондентиниң электрон мәнзилин излеўде, сондай-ақ, дәл өзиниң «дана» сораўларына жуўап бериўге оны көндириўде қыйыншылықларға ушыраўы мүмкин. Бул тараўдағы жаңа адам ушын ең баслы машқала – оның аты еле танылмағанлығы. Оның орнына басқа журналист таңланыўы мүмкин.

**Көз – қарас (пикир).** Бул енди жумыс баслап атырған журналист ушын ең қолайлы жанр. Барлық ўақытта өз пикириңе ийе болыў керек. Егер бул пикир өзиңнен басқа биреўлер ушында қызықлы болса, жүдә жақсы. Бул мәселеге айдынлық киргизиў ушын өз пикириңизди тематикаға сәйкес келетуғын форумда ямаса жаңалықлар топарында билдириўиңиз мүмкин. Егер жаңа адам көзге түссе ҳәм оған сын-пикир билдирилсе – исти даўам еттириўге болады. Егер үнсизлик болса, демек, қызықлы мақала шықпайды.

Улыўма алғанда, ҳәрқандай дана пикирдиң тәрепдарларыда, қарсыласларыда болады. Ең жақсысы 50% ке 50%. Егер билдирген пикириңиз көпшиликтиң пикирине сәйкес болса – өзгериўиңиз керек, ямаса журналистика ҳаққында умытың.

**Аналитикалық мақала (шолыў, очерк).** Мәселе бойынша толық мағлыўматқа ийе болған жағдайда бул жақсы баслама. Излеў системаларында көп тер төгип жумыс ислеўге, соңынан көп көлемдеги мағлыўматларды өзиңиз арқалы өткерип, көрип шығыўға туўра келеди.

Материал тайын болғаннан соң оны редакцияға жиберип, жуўабын күтиў керек болады. Бир ўақыттың ишинде ҳәр редакцияға жибериў усыныс етилмейди. Себеби, егер материал бир неше редакцияда бир ўақытта қабыл етилсе, сиз қолайсыз жағдайда қалыўыңыз мүмкин. Лекин, бул жағдайды ең үлкен қолайсызлық деп айтып болмайды.

Он-лайн журналистика өз спецификасына қарамастан журналистика, яғный жәмийетлик пикир ҳәм сана-сезимге тәсир етиў усылы болып қалады. Өз мақаласы предмети ҳаққында жеке эмоционал пикирге ийе болмаған журналистти көз алдымызға келтириў қыйын. Ҳәтте агентликлер тәрепинен

berilетуғын «таза» мағлыўмат тенденциялы, яғный дәстүрий болады. Очерк ямаса аналитикалық шолыў усаған жанрлар ҳаққында айтпаса да болады. Бүгинги демократиялық пуқаралық жәмийетти қәлиплестириў барысында баратырған жәмийетимизде журналисттиң жуўапкершилик дәрежеси күтә үлкен. Мыңлаған ямаса он мыңлаған оқыўшылардың сана-сезимине жеткерилген, абайсыз айтылған гәп ямаса ойланбай берилген баҳаның ақыбетлери айтып болмас дәрежеде болыўы мүмкин. Бул жерде тема да, мақаланың әҳмийетсизлиги де әҳмийетли емес. Бир ғана оқырманның кейпияты бузылыўы ямаса орынсыз тәшўишлениўи – бул унамсыз нәтийже болып табылады ҳәм автордың өзине ең қолайсыз пайытта қайтып айланып келиўи мүмкин.

**Социологиялық резюме.** Интернет журналистикасында «Социологиялық резюме» деп белгиленген жанрды белсене пайдаланыўдың тийкарғы себеби соңғы он жыллықларда сиясий турмыстың күтә ҳәўиж алыўы, оның халықтан сораў-жуўап, интервьюлер алыў, анкета өткериў менен бирликте өтиўи болды. Социологиялық резюме қандайда бир социологиялық изертлеўлердиң жуўмақларын қысқа баянлаўдан ибарат болады. Әдетте резюме авторлары оны толық көрсетпей, қысқаша етип алады. Усындай түрдеги материалларда аналитикалық негиз бәринен бурын изертлеўлердиң мазмуны менен тәмийинленеди, ал олардың шынлықты таллаўға бағдарланғаны түсиникли. Буннан тысқары, резюме авторы оларды изертлеўлерде баянланған избе-изликте ғана емес, ал белгили дәрежеде басқада социологиялық мағлыўматларды салыстырып, оларға қосымша түсиник берип жәриялаўы мумкин. Бул резюмеде сәўлелендирген предметти аналитикалық аңлап жетиўдиң басқышларынан бири болып ҳәрекет етеди.

**Анкета**. Онлайн журналистикасында информация жыйнаў, бақлаў, интервью алыў, сораў-жуўап ҳәм басқада усыллар менен бир қатарда анкета өткериў усылыда пайдаланылады. Бул усыл журналистикаға социологияның тийкарында кирип келди ҳәм белгили бир сораўлар бойынша адамлардың кең

топарынан мағлыўматлар алыў ушын қолланылады. Анкета мағлыўматларын қайта ислеп шығыў нәтийжесинде өзине тән белгилерине ийе, оларды өз алдына жанрлық топарға бирлестириўге мумкиншилик беретуғын материаллар дөретиледи.

Бул жанрдың атамасы тийкарғы жанр дөретиўши фактор болып ҳәрекет ететуғын мәлимлеме алыў усылының атамасынан қуралыўы мумкин. Басқаша айтқанда, бул жанр олда тийисли усылдың атамасынан өз атамасын алған «интервью» жанрының үлгиси бойынша «анкета» деп аталыўы мумкин.

Анкета өткериў журналистке айтарлықтай қурамалы ҳәм ҳәр қыйлы материал береди. Оның бундай сыпаты кем дегенде еки жағдай менен түсиндириледи. Бириншиден, анкета, әдетте, анкета алыныўшылардың дыққат орайында болған қубылыстың анаў ямаса мынаў тәреплерин анықлаўға бағдарланған айтарлықтай көп жәнe ҳәр қыйлы болған сораўларды өз ишине алады. Бунда анкета өткериўди шөлкемлестириўшини (ямаса журналистти) предметтиң өзиниң сыпатламасыда (яғный предметтиң мазмун-мәниси, оның сан ҳәм сапа сыпатламалары), сондай-ақ анкета өткерилип атырған адамлардың олар қарап шығып атырған предметке қатнасы қызықтырыўы мумкин.

Екиншиден, веб сайтлар арқалы анкета өткериў нәтийжесинде журналист ҳәр бир, гейде онлаған сораўларға көплеген жуўаплар алады. Жуўмағында ҳәр қыйлы болған үлкен көлемдеги мәлимлеме дөретиледи, ол тәртиплестириўди талап етеди. Атап айтқанда усы тәртиплестириў барысында мазмуны ҳәм структурасы бойынша оригинал болған анық бир журналистлик шығарма пайда болады.

**Мониторинг.** Интернет веб-сайтларында «мониторинг» рубрикасында шығып атырған материаллар өз атамасын, ҳәзирги ўақытта жәмийетте болып атырған процесслерди үйрениўде белсендилик пенен пайдаланылатуғын усы атамадағы социологиялық изертлеўлер түринен алған. Мониторинг деп

қандайда бир қубылысты белгили дәрежеде «бақлап барыў», белгили бир жумыс саласындағы параметрлерди системалы түрде қайталанып туратуғын «өлшеўлер» аталады. Мониторингниң предмети сыпатында тиккелей изертлеў пайтындағы ҳәр қыйлы қубылыслардың анық сыпатламасы (оларды таңлап алыў мониторингниң мақсетине байланыслы болады) ҳәрекет етеди.

Мониторинг барысында ҳәр қыйлы усыллар, әсиресе статистикалық усыллар, контент-анализ (мәселен, белгили бир ўақыт ишинде қандайда бир газета бетлеринде белгили бир сиясатшының исми неше рет жазылғаны есаплап шығылады) ҳәм т.б. усыллары қолланылады. Мониторинг қандайда бир қубылысты, бәринен бурын усы қубылыстың ҳәзирги пайытта раўажланыў тенденциясын анықлайтуғын статистикалық мағлыўматлардың жыйнағы түринде көриў мумкиншилигин береди. Предметтиң усы атап көрсетилген өзгешеликлери, мақсетлери, материалларды таярлағанда ҳақыйқатлықты сәўлелендириў усыллары «мониторинг» түсиниги менен анықланып, Интернет журналистикасының өз алдына жанры сыпатында усы материаллардың характерин белгилейди.

**Рейтинг.** Бул жанрдың атамасы «rating» инглис сөзинен келип шыққан болып, ол «баҳа бериў», «классификация» дегенди аңлатады. Рейтинг жанрына киргизилетуғын интернет материалларының өз бетиншелигин анықлайтуғын тийкарғы жанр дөретиўши фактор болып мақсетли көрсетпе ҳәрекет етеди. Бундай түрдеги материаллардың мақсети қандайда бир белгиси бойынша бир-бирине уқсас қубылыслардың дәрежесин анықлаўды әмелге асырыўдан ибарат болады. Бул мақсетке бәринен бурын уқсаслық ҳәм салыстырыў усылларын қолланыў арқалы ерисиледи. Оларға байланыслы рейтинг дүзилетуғын қубылыслар жумыстың ҳәр қыйлы салаларына экономикаға, финансқа, сиясатқа, мәдений турмысқа, спортқа ҳәм тағы басқаларға тийисли болады. Рейтинглер қәнигелестирилген, сондай-ақ жәмийетлик-сиясий басылымлардың сайтларында жийи жәрияланып

барылады. Оларды қағаз газета ҳәм журналлар бетлеринде, дәстүрий телекөрсетиўлер ҳәм радио еситтириўлерде де ушыратыў мумкин.

Бундай жанрдың Интернет системасында кең таралыўы онлайн ғалаба хабар қураллары аудиториясының өзлери ушын әҳмийетли болған анаў ямаса мынаў салада бүгинги күни кимлер алда турғанын, баратырғанын билгиси келиўи менен тусиндириледи. Сайлаўшыларға, мәселен қандай сиясий ғайраткердиң алда баратырғаны, қайсысының сиясий турмыста изде қалғанын билиў әҳмийетли болады. Аманат қойыўшыларға қайсы банклер исенимли екенин, қайсылары кризислик ҳалатты бастан кеширип атырғанлығын билиў әҳмийетли. Музыка ышқыпазлары қандай музыкалық топар халық арасында ең улкен қызығыўшылық пайда ететуғынын билиўге умтылады. Бундай себеплерди жәнеде даўам еттириў мүмкин.

**Эссе.** «Эссе» сөзи француз тилинен («essai») аўдарғанда «тәжирийбе», «шығарма», «умтылып көриў», «сынақ», «дәслепки келген ойларды қағазға тусириў» деген мәнислерди аңлатады. Ўақыялықты раўажландырыў ҳәм сәўлелендириў барысында Аналитикалық ҳәм көркем публицистикалық элементлерге, белгилерге ҳәм қәсийетлерге бай болған Эссе Интернет системасына ең кеш кирип келген жанр сыпатында көрсетиўге болады.

Бирақ солай болсада, көпшилик басылымлар сайтларында оның еле сийрек ушырасатуғынын айтыў керек. Эссениң Интернет системасында тиклениўи, газета веб-сайтларында жаңаша мазмун, айрықшалық, жанрлық өзгешеликлердиң пайда болыўына тийкар жаратты. Бул жағдай журналистиканың айырым изертлеўшилери тәрепинен атап көрсетилди. Атап айтқанда, рус алымы А.А. Тертычныйдиң «Ўақытлы баспасөз жанрлары» китабында,[25] сондай-ақ, эссе жанры бойынша арнаўлы изертлеўлер алып

[25] Тертычный А.А. Жанры периодической печати. – М.: Аспект Пресс. 2002.

барған жас илимпаз Б.Палўановтың мийнетлеринде[26] эссе жанрының өзине тән қәсийетлери ҳәм жанрлық өзиншелиги кең изертленген.

Онлайн системасында эссе жанрының өзиншелиги оператив хабарларды, көплеген «қурғақ» ис барысындағы материалларды талантлы журналист ҳәзирги турмыстың ең әҳмийетли тәреплери ҳаққында терең ой-пикирлери, усы ой-пикирлерди жоқары сезимталлық пенен баян етиўи менен әдетте бийпарўа оқыўшының дыққатын өзине тартыўында ҳәм оны эсседе айтылған пикирлер үстинде ойланып көриўге умтылдыра алыўында көринеди.

**Интернетте аналитикалық пресс–релиз.** Базар қатнасықлары жедел раўажланып атырған ҳәзирги дәўирде Ғалаба хабар қураллары буннан барынша өзиниң «үлесин» алып қалыўға умтылыўы-газета ҳәм журналлар бетлеринде, теле ҳәм радио бағдарламаларда рекламаның беккем орын ийелеўине алып келди. Ол көпшилик басылымлардың материаллық жағдайы жақсы болыўының дәрегине айланды. Ғалаба хабар қуралларында реклама тек рекламалық текстлер түринде ғана емес, ал журналистлик материалларда да өз көринисин бере баслады.

Бул болса бир тәрепинен өзи ҳаққында белсене билдирген «пресс–релизи» ниң пайда болыўына алып келди. Пресс релиз деп қандайда бир фирманың ямаса жеке адамның, мәселен депутатлыққа талабанның ылайықлы тәреплерин сәўлелендиретуғын хабар, мәлимлемелердиң жыйнағына айтылады. Әдетте, олардан ғалаба хабар қуралларына пресс релизлери келип түседи. Радакцияға берилген ямаса келип түскен пресс-релизди редакция өз веб-сайтларында миннетли түрде жәриялайды degenди аңлатпайды. Бәлким пресс релиз информацияның дәреклериниң бири ғана болыўы, ол редакция тәрепинен исбилерменлер дүньясында ямаса сайлаў мапазында бағдар алыў ушын пайдаланылыўы мүмкин.

---

[26] Палўанов Б.Н. Ҳозирги Қорақалпоқ адабиётида эссе жанри (Жанрнинг пайдо бўлиши ва шаклланиши, маҳорат масалалари). Филол.ф.н. ...дисс. автореф. –Н.: ҚҚДУ. 2007. –22 б.

Сондай-ақ оннан материалдың бир бөлеги алып тасланып, қысқа хабар, хроника, информациялық корреспонденция түринде жәрияланыўы мүмкин.

Солай етип, пресс релиз қандайда бир белгили журналистлик жанрға айландырылып, қайта ислениўи мумкин. Бирақ журналист өз алдына пресс-релизиниң рекламалық мазмунын сақлаў ўазыйпасын қойыўы ҳәм оны зәрүрли жаңа мағлыўматлар менен толықтырыўы, зыят жерлерин алып таслаў менен, өзине тән белгилерге ийе болған материал таярлаўы да мумкин. Бул материал өз характери бойынша аналитикалық болыўы итимал.

Аналитикалық ҳәм рекламалық негизлерди бирлестириў аналитикалық пресс релиздиң тийкарында жүзеге келеди. Улыўма айтқанда, пресс-релиз интернет системасында ең жетекши жанрлардың бири болып есапланады.

Жуўмақлап айтқанда Интернет системасында журналистика жанрлары жаңа типтеги онлайнға ғалаба хабар қуралларына жедел қәлиплесип атырғанлығын көриўимиз мүмкин. Әлбетте бул жанрлар Интернет журналистикасында да өзине тән қәсийетлери ҳәм өзгешелиги менен ажыралып турады.

Солай етип, интернет-жаңалықларды оператив жәриялаў ҳәм электрон почта арқалы интервью алыў ушын кең имканиятлар ашып береди.

### 2.3. Интернет ушын хабар таярлаў

Хабар жанрының өзине тән қәсийетлери ҳәм өзгешеликлери, формалық ҳәм структуралық дүзилиси ҳаққында изертлеўдиң жоқарыдағы бапларда анализлеп көрсеткен еди. Бул бөлимде болса, интернетке хабар тарқатыўдың айырым тәреплери ҳаққында тоқталамыз.

Информация түсиниги бәршемизге мәлим, яғный бул ҳәзирги ўақытта жүз берип атырған ўақыя ҳәдийселерди хабардар етиў болып табылады. «Информация индустриясы» ҳәмийше барлық тараўда: сиясатта, экономикада, мәдений ҳәм басқа социаллық процесслерде әҳмийетли рол ойнап келген.

Ҳәзирги ўақытта дерлик барлық тараўлардың раўажланыўы күнделик мағлыўматлар айланмасы менен бир-бирине байланыслы. Дүньяда ҳәзир көплеген ўақыялар жүз берип атыр, журналистлердиң ўазыйпасы болса усы ўақыя ҳәдийселерди аудиторияға хабарлап жеткизип бериў болып есапланады. Әсиресе, журналистлер жеткизип берип атырған усы хабарлардан жәмийет «азықланады», билим алады ҳәм усы тәжрийбелер тийкарында өзи жасап турған әтирапқа тәсирин өткизеди.

Илимпазлардың пикиринше, егерде қандайда бир сенсациялық ўақыя жүз беретуғын болса, адамлар ол ҳаққында биринши нәўбетте интернеттен мағлыўмат излейди екен. Мәселен, 2001 жыл 11 сентябрдеги терроршылық 2002 жыл 23 октябрдеги «Норд Осд», ҒМДА да Өзбекстандағы 2005 жыл 12 май күнги «Андижан ўақыялары» нан кейин интернет пайдаланыўшылардың саны пик дәрежесине жеткен. Буған себеп интернеттиң оперативлиги ҳәм мағлыўмат узатыўда ўақыт таңламаслығы болып табылады.

Интернет журналистикасында да дәстүрий ғалаба хабар қуралларында болғаны сыяқлы информацияның ең қысқа түри бул – **хабар** жанры болып есапланады. Интернет ҳәзирги ўақытта ең тез хабар жеткизиўши ресурс орайы есапланғаны ушын онда берилген жаңалықлардың көпшилиги қысқа хабар жанрында бериледи. Мәселен, «Новости» Россия хабар агентлигиниң веб-сайтында (www.rian.ru) тийкарғы материаллар қысқа хабарлардан ибарат.

**Интернет ушын хабар таярлаў** дегенде қандайда бир адам өзи ислеп атырған компания яки өзиниң жеке сайты ушын жаңалықлар таярлаў нәзерде тутылады. Интернет континенти жүдә бай ҳәм бул оқыўшылар ушын таңлаў имканияты шексиз екенлигин билдиреди. Соның ушын қағаз газеталардан парықлы рәўиште, интернетте жаңалықлар илажы барынша оқыўшылардың оқыўы ушын қолай, излеген мағлыўматларды табыўы ушын аңсат тәризде берилиўине итибар қаратылады. Мәселен, жаңалықлар бағдары ҳәм мазмуны тәрептен жүдә көп болғанлығы ушын оқыўшылар олардың ҳәммесин оқып отырыўға физикалық жақтан үлгере алмайды. Солай екен, жаңалықлар веб

бетлеринде пайдаланыўшылар ушын қолай болыўын итибарға алған ҳалда өз бағдарлары бойынша ажратылып бериледи. Яғный, олар сиясий, экономикалық, мәдений, спорт, ҳәм тағы басқалар болыўы мүмкин. Бул бағдарлар бетлериниң өзинде де жаңалықлар «рубрика» көринисте бериледи.

**Интернетте хабарлардың (жаңалықлардың) түрлери** төмендегише форматларда жайластырылыўы мумкин:

**a.** текст; **b.** суўрет; **c.** аудио файл; **d.** видео ролик

Сондай болсада интернетте берилетуғын хабарлардың шама менен 95% текст форматында бериледи. Буған себеп:

– бириншиден, оны жазыў ҳәм қайта ислеў яки дүзетиў тезде әмелге асырылады;

– екиншиден, текстти оқыў ушын браузерден басқа программа талап етилмейди (мәселен: RealPlayer яки windows Media Player)

– үшиншиден, тексттиң тезлиги жүдә пәс болған Интернет хызметлери арқалы да биймәлел пайдаланыўы мүмкин.

Интернет ушын жазылған хабар, газета яки радиода берилетуғын хабарлардан дерлик парық қылмайды, бирақ онда хабар берилип атырған ўақыя ҳәдийсениң ўақтында жүз берип атырғанлығыны ҳәм оқыўшыға жетип барыў ўақтын есапқа алыў керек болады. Соның ушын интернетте басып шығарылған ҳәр бир хабардың астында, хабар узатылған ўақыт (сәне ҳәм саат) көрсетилиўи шәрт. Себеби, егер бул хабардың интернетте узақ ўақыт сақланатуғынын есапқа алатуғын болсақ, усыған уқсас басқа ўақыя ҳаққында мағлыўмат излеген интернет пайдаланыўшыны алжастырыўы мумкин. Қағаз газетада болса ҳәр бир санның шыққан сәнеси бериледи.

Интернет ушын хабарды таярлаўда, оның дүзилисин (формасын) дүзиў керек, яғный XX-әсирдиң басынан бери ислетилип киятырған универсал усылдан пайдаланылады:

Не, қашан, қай жерде, неге ҳәм қандай жүз берди? Жазылған хабар мине усы сораўларға жуўап берсе аңсат оқыўшылардың итибарын қаратыўы

болады. Егер интернет журналистикасында берилип атырған хабардағы ўақыяға жәнеде көбирек тәрийип берилетуғын болса, хабар керисинше пирамида (▼) дүзилисине келеди. Басқа бөлиминде ўақыя ҳаққында қысқа ҳәм ықшам тийкарғы информация бериледи. Хабардың бул бөлеги батыс журналистикасында «лид» (lead) деп аталады, яғный «баслаўшы» дегени. Лекин биринши гәп қысқартылмастан ўақыя ҳаққында толық мағлыўматты бере алыўы керек. Базыда буның илажы болмаўы мүмкин, ондай жағдайда биринши гәп ўақыяны анық сүўретлей алатуғын дәрежеде болыўы керек. Екинши бөлиминде болса ўақыя көлемлирек берилиўи керек. Бул бөлими илажы барынша оқыўшыны бир қарасда өзине тартыўы ҳәм оны қалған бөлимлерине оқыўға қызықтырыўы керек. Хабар жазыўы ушын усы еки бөлим дүзилисинде барлық әҳмийетли нәрселерди киритиў мумкин, бирақ оған тийкарғы факт ушинши бөлимде бериледи. Бул бөлимде жуўмақлаў яки болжаўларды да қосыў мүмкин.

Интернетте хабарлардың жүдә көплиги себепли, тийкарынан, веб-сайтларында тек ғана олардың басқа бөлими бериледи, кейинги бөлимлеринде болса гипертекст арқалы жалғаў берилип қойылады. Буннан тийкарғы мақсет, көбирек мағлыўматларды сайтларға жайластырыў ҳәм оқыўшылардың итибарын қаратыў болып табылады. Айырым жағдайларда оншелли сенсациялық болмаған хабарларға олардың тек ғана рубрикаларын көрсетип қойыў арқалы да оқыўшыларды өзине қаратыў мумкин. Мәселен, белгили актёр Джеки Чан киноға тусип атырған ўақтында қатты жығылып түскени ҳаққында хабарды «Джеки Чан аяғын сындырдыма?» деп аталыўы мумкин яки усыған уқсас басқа көринисте болыўы мумкин.

Журналистика тәжрийбесинде хабар яки басқа информацияларды жазыўда белгили қағыйдалар бар. Бул нәрсе интернет пайда болмастан алдын пайда болған болсада Интернет ушын толығынша ислетиў мақсетке муўапық болады.

**<u>Биринshiden,</u>** материалдағы актуаллық оқыўшының итибарын қарататуғын биринши элемент болып табылады.

**<u>Екинshiden,</u>** оперативлик, хабардың өз ўақтында берилиўи. Көпшилик жағдайларда ўақыя жүз бериўден үш күн өткеннен кейин хабар жүдә кеш есапланады. Бундай ўақыт аралығы көбинесе қағаз газеталар ушын туўры келиўи мүмкин. Бирақ, Интернет журналистикасы ушын бундай ўақыт аралығы кешиккен хабарлар есапланады. Сонлықтанда бүгинги Интернет журналистикасында бундай кешигип берилген хабарлар дерлик ушырамайды.

Интернетте жүдә кешиккен хабарлар максимум бир күннен кейин берилиўи мүмкин. Хабарда сөз етилетуғын ўақыяның анықлығы ҳәм эпиўайылығыда жүдә әҳмийетли. Сондай-ақ, журналист хабар таярлап атырғанда оның оқыўшылары ким болыўы екенлигин (мәселен, жаслар, спортшылар, абитурентлер ҳ.т.б) де итибарға алыўы материалдың сапалы шығыўына тәсир етеди. Материалда басқа сайтлар яки қағаз газеталардан пайдаланылған мағлыўматлар болса, олардың атлары хабар ишинде яки төменинде келтирилиўи шәрт.

Сүўретлер тийкарынан текстте берилген жаңалықларға қосымша сыпатында бериледи (<u>жоқарыдағы мысалға қараң</u>), бирақ айырым Интернет сайтлардың тек ғана сүўрет арқалы хабар узататуғын хызметлери де бар. Мәселен, Рейтер (www.reuter.com) Yaqoo (www.yaqoo.com) ҳәм тағы басқалар.

Интернетте аудио ҳәм видео хабарларды узататуғын сайтлар да күннен күнге көбейип бармақда. Себеби, бул форматтағы хабарлар тыңлаўшының бирде-бир ўақыя ҳәдийсе ҳаққындағы хабарларды көбирек фактлер, даўыс ҳәм көринис бенен қәлиплестиреди. Мәселен, хабарлар аудио клип форматында BBC (www.bbc.co.uk) ҳәм Voice of America (www.voa.com) сыяқлы сайтларда ушырайды. Видео клип дүзилисиндеги хабарлар болса үлкен телевидение сайтлары, мәселен, CNN (www.cnn.com) BBC

(www.bbc.co.uk ), 1-канал (www.ətv.ru) ҳəм тағы басқалар арқалы узатылады. Соныда айтып өтиў керек, аудио ҳəм видео хабарлар узататуғын сайтлар да əлбетте текст форматындағы жаңалықларды көбирек береди.

Солай етип, Интернет ушын хабар таярлағанда ең биринши гезекте материалдың актуаллығына, оқыўшының итибарын тартыў оперативлик мəселесине итибар бериў керек.

## 2.4. Интернет ушын мақала жазыў

Заманагөй Интернет журналистикасында мақала жанры қандайда бир процесс яки ўақыя ҳəдийселердиң (сиясий, экономикалық, социаллық) əҳмийетке ийе тəреплерин анықлап оларды анализ етиўге қаратылған болады.

Ҳəр бир мақала жазылыўдан алдын оның мақсети оқыўшыларға қандайда бир əҳмийетли жағдайда жəрдем бериў ямаса актуал мəселелердиң шешимлери ҳаққында пикирлеў гипотеза етиў лазым болады.

Онлайн журналистикасы ушын арналған мақалалар жазылыў мазмунына қарап үш түрге бөлинеди:

1. Улыўма изертлеў мақала
2. Əмелий-анализли мақала
3. Проблемалы ямаса тартысыўлы мақала

**Улыўма изертлеў мақаланы** жазыў көбирек тəжрийбе ҳəм шеберликти талап ететуғын жанр болып есапланады. Онда автор тийкарынан қандайда бир жəмийетлик машқаланың келип шығыў жолларын анықлап ҳəм оның шешилиў жоллары ҳаққында усынıслар береди. Бул сыяқлы мақала жазыўда автор келтирилген көплеген фактлерге алжаспастан гөзленген анық мақсетди белгилеп бере алыўы тийис.

**Əмелий-анализли мақала** болса, Интернет системасындағы материаллардың тийкарғы бөлегин ийелейди.

**Проблемалы ямаса тартысыўлы мақалалар** болса, жәмийетимизде жүзеге келетуғын қандайда бир бәсеке ҳәм пикирлерди Ғалаба хабар қуралларында жариялаўда ислетиледи. Бул сыяқлы мақалалар сайлаўлар ўақтында яки сиясий шешимлердиң қабыл етилиўи ўақтында көбирек басылыўы мүмкин, мәселен, *«өлим жазасын бийкар етиў керекпе яки жоқпа?».* Бунда автор көбинесе, бир тәрепти жақлап шығыў басқаларға қарсы фактлер келтириўи ҳәм айырым ўақытларда оқыўшыларға эмоционал тәсир өткизиўи мүмкин. Соныда айтып өтиў керек, мақалада журналист анық дәлийллерди келтириў ҳәм этика нормаларынан шығып кетпеўи шәрт. Тәжрийбеден мәлим болғанындай, оқыўшылар бәсекели мақалаларда анық ҳүжжетлер яки белгили шахслардың пикирлери келтирилгенде көбирек исенер екен.

Мақаланың жазылыўы ушын гипотезалық дүзилис бар. Мақала жазыўда журналист оқыўшыларға сөз етип атырған теманың әҳмийетин түсиндириўи, соңынан усы теманың жәмийет пайдасы ушын қандай жандасыў кереклиги айтылады. Соңғы бөлиминде автор оқыўшылардың айтылған тема ҳаққындағы тәсирлерин кеңейттирип, оған уқсас процесслерде алдын қандай жол тутылған ҳәм олардың нәтийжелери қандай болғанлығын жазыўы ҳәм олар ҳаққында усыныслар бериўи мүмкин.

Журналист газета веб-сайтлары ушын мақала жазыўдан алдын не ислеўи керек? Әлбетте, мақаладан алдын қандайда бир мақсетти алдына қойып сол бойынша мағлыўмат топлаўы керек болады. Бул төмендеги формаларда әмелге асырылады.

1. Бақлаў;
2. Ҳүжжетлер менен ислеў;
3. Сәўбет (интервью) ;
4. Сораўнама (анкета) арқалы жәмийетлик пикирин үйрениў.

Сондай-ақ, Интернет журналистикасында мақала ушын жақсы тема таңлаў да үлкен әҳмийетке ийе болады. (бул метод ғалаба хабар қуралллары

ушында әҳмийетли) Зеригерли, улыўма шаблон тәриздеги қатып қалған темалардан узақласыў керек (мәселен, *«Студентлер менен сәўбет»*), керисинше, сораў гәплер, идиома, мақалалардан пайдаланыў «жанлы» темаларды келтирип шығарады. Мәселен, *«Шашын аламан деп басын алды»*. Мақаланы жазып болғаннан кейин басқа бир адамға оқытып көриў яки керек болса бир күн өткеннен кейин және редакторлаў пайдалы болады. Мақала редакторланғаннан кейин қанша қысқарса, сонша сыпатлы шығады.

Интернетте жаңалықлар узататуғын веб-сайтлардың дерлик ҳәммесинде «Аналитика» (анализ) бөлими бар. Оларда болса ҳәр қыйлы ўақыя ҳәдийселер ҳаққында сиясатшылар, экспертлер ҳәм журналистлердиң аналитикалық мақалалары шығады. Тек ғана мақалалар узататуғын сайтлар да көплеп табылады, мәселен (www.inosmi.ru), (www.cac.org) ҳәм тағы басқалар.

Журналистика тарийхында баспасөзден ғәрезли мақсетлерде пайдаланылғаны бизге мәлим, соныда айтып өтиў керек, бул нәрсе ҳәзир ҳәўиж алып атыр. Ҳәзир тек ғана газета ямаса барлық ғалаба хабар қуралларында яғный интернетте де журналистлер жүз берип атырған ҳәдийселерди жарытыўда ғәрезли мақсетлер тәсиринде бирдей фактлерге ҳәр қыйлы жандасыўлар тийкарында жазып атыр. Интернетте бундай жандасыўлар оқыўшыларға оншелли тәсир етпеўи мүмкин. Себеби, олар бир ўақыттың өзинде бирдей фактти онлаған дереклерден салыстырып көриўи ҳәм усылар тийкарында сол факт ҳаққында өзиниң жеке көз-қарасларын қәлиплестириўи мүмкин. Соның ушын интернетте материал шығыўда илажы барынша фактлерге обектив жандасыў талап етиледи. Болмаса сиз ислеп атырған веб сайт өз аудиториясын жоғалтыўы мүмкин.

Жақсы мақала жазыў ушын ғалаба хабар қуралларындағы шығыўларын (ҳәр қыйлы көрсетиў, еситтириў ҳәм мақалаларды) бақлап, жәмийетти көбирек не қызықтыратуғынын үйренип барыўы керек.

Бирақ басқа тәрептен жәмийетти қызықтыратуғын сораў бойынша мақала таярлаўдан гөре, өзиңиз қызыққан тема бойынша жазсаңыз, жумысыңыз аңсатырақ ҳәм сыпатлы болады. Күнделикли жаңалықлардан хабардар болып турыў болса, бәрҳулла мақала жазып атырғанда унамлы пикирлердиң пайда болыўына хызмет етеди.

Қәнигелердиң пикиринше, онлайн текстти оқыў қағаздағы текстти оқыўға қарағанда 50% әсте ақырынлық пенен әмелге асырылар екен, сондай-ақ компьютер экраны қағазға қарағанда көзди тез шаршатады. Сол себепли, дерлик барлық оқыўшылар илажы болса қағазда оқыўды мақул көреди ҳәм көпшилик веб бетлериндеги мақалаларга тек көз жүгиртип оны, толық оқымайды. Басқа тәрептен, онлайн мақалалар соншелли көп, олардың барлығын бирме-бир оқып шығыўдың илажы болмағанлығы ушын оқыўшылар тек ғана керекли, сыпатлыларын таңлап алады.

Усындай жағдайларды есапқа алған ҳалда интернетте оқыўшылардың қызығыўшылығын асырыў ҳәм оқыўлары ушын қолай мақалалар жазыў ушын төмендеги техник әмеллерди қоллаў мақсетке муўапық болады.

Биринширен, узын мақала Интернет бетлеринде шығатуғын болса, мазмунына қарай бөлимлерге бөлиниўи ҳәм оның басында «мазмуны» көрсетилиўи керек. Бул оқыўшыға мақаланы оқыў арқалы қандай мағлыўматларды алыўды көрсетип турады. Киши рубрикаларды киши көлемде жазған мақул, себеби, психологлардың пикиринше үлкен ҳәрипте жазылған сөзлерди оқыўшылар бир қараўдан таныўлары қыйынырақ болар екен.

Екиншиден, параграфлер жүдә узын болмаўы керек. Айырымлар онлайн мақалалардың параграфинде орташа жүз сөз болыўы керек деп есапланады. Илажы барынша узын гәплерди ислетпегени мақул. Сондай-ақ, параграфлар арасында бир қатар қалдырылыўы лазым, яғный газетадағы сыяқлы ҳәр бир параграф абзацдан емес, бос қатардан кейин басланыўы

керек. Бул болса оқыўшының мақаланы ақырына дейин оқыўына ҳәм оның көзи тез шаршап қалмаўына тәсир көрсетер екен.

Үшиншиден, егер мақала қәлеген пән яки илимий бағдар бойынша болмаса, онда әпиўайырақ сөзлерден пайдаланыўы зәрүр. Яғный, айырым терминлер биреўлерге түсиниксиз, жүдә рәсмий қатарлар болса, айырымларды зериктириў мумкин. Мәселен, инглиз тилиндеги «Washington Post» (www.washingtonpost.com) газетасының интернеттеги версиясында берилетуғын мақалалар сиясий актуал темаларды жарытыўына қарамастан жүдә әпиўайы тилде жазылады. Сондай-ақ, тәбийий мақаланың жазылыў стили оның оқыўшыларының ким болыўына қарап да масласыўы мүмкин (мәселен, тек ҳаяллар яки еркеклер ушын).

Төртиншиден, мақаланы, әсиресе қарақалпақ тилинде жазылған болса, басып шығарыўдан алдын қәтелерин жақсылап тексерип шығыўы керек. Тилекке қарсы, бизде қарақалпақ тилиндеги текстлерди орфографикалық тәрептен тексеретуғын программа жоқ. Интернетке қойылатуғын мақалаларда орфографиялық қәтелер жүдә көп ушырайды. Көбинесе, бул жағдай клавичларының надурыс басылып кетиўден болады, бул сыяқлы қәтелер оқыўшыда «мақала пухта исленбестен, асығыс тәризде таярланған» деген пикирди келтирип шығарыўы мүмкин.

Бесиншиден, мақала ишиндеги айырым фактлерге байланыслы болған дәлийллер интернетте болса гипертекст арқалы байланыслы болыў лазым. Бул мақаладағы келтирилген фактлердиң исенимлилигин асырады.

Алтыншыдан, мақала ақырында яки басында жазылған сәнеси көрсетилиўи шәрт, сондай-ақ, мақалаға тийисли айырым визуал элементлерден (таблица, сүўрет) пайдаланыўда оқыўшыға мақаланың тәсиршеңлигин асырады.

Мақала таяр болғаннан соң оның улыўмалық континентин төмендегише анализ етип көриў мақсетке муўапық болады:

- тексттиң түсинерли ҳалда жазылыўы;

- идеяның улыўмалығы ҳәм сөзлердиң оны туўры белгилеп бериўи;
- бөлимлердиң логикалық байланыслылығы;
- улыўма тексттиң жазылыў стилиниң бирдей екенлиги;
- оқыўшының итибарын қарататуғын теманы таңлаўы;
- жуўмақтың оқыўшыны қызықтыра алыўы.

Солай етип, интернет ушын мақала таярлаўдың өзине тән болған қәсийетлерин көриўимиз мүмкин. Әлбетте, бул қәсийетлер дәстүрий ғалаба хабар қураллары ушын жазылған мақаладан ажыралып турады.

# ЖУЎМАҚЛАЎ

Теманы изертлеўлер нәтийжесинде ҳәм алып барылған излениўлер анализлер тийкарында төмендегише жумаққа келдик:

Интернет ғалаба хабар қуралларының барлық түрлери ушын жаңа ҳәм үлкен имканиятларды ашып берди. Ғалаба хабар қураллары (ҒХҚ) веб-сайтларын виртуал кеңликте жайластырыў арқалы өз хызметлерин және де раўажландырыўы мүмкин.

Интерактив мултимедиа қураллары бүгинги информация әсиринде ғалаба хабар қураллары системасын өзгертпекте ҳәм ғалаба хабар қуралларының жаңа технологиялары пайда болмақта. Заманагөй технологияларды қолланыў менен бирге оларды ғалабалық коммуникация қураллары деп айта баслады. Жүз берип атырған технологиялық процесслер болса узатылып атырған хабар ағымының аймақ, ўақыт, көлеми тәрепинен шегараланбайтуғынлығына алып келмекте.

Бүгинги күнге шекем журналистика жанрлары бойынша илимий изертлеў жумысларын алып барған алымлар оны үлкен үш топарға яғный информациялық, аналитикалық ҳәм көркем публицистикалық деп бөлип көрсетеди. Бул жанрлар өз гезегинде ишки бөлиниўлерге ийе. Информациялық жанрларға хабар, есабат, интервью, репортаж киреди. Олардың әҳмийети ҳәм тийкарғы айырмашылығы жәмийетлик, сиясий-экономикалық, руўхый, социаллық турмыстағы жаңалықларды, ўақыя ҳәм ҳәдийселерди аудиторияға оперативлик пенен жеткерип бериўде көринеди. Информациялық жанрлар дереклерге сүйенеди, анық фактлерден ибарат болады. Егер информациялық жанрлар ўақыяны қысқа, ықшам ҳәм анық фактлер арқалы сәўлелендирсе, аналитикалық жанрлардың тийкарғы өзгешелиги фактлер анализи, жәмийетшилик пикирин избе-из үйрениў ҳәм сәўлелендириў, соның менен бирге журналисттиң белгили бир жуўмақлары менен белгиленеди. Баспасөздеги аналитикалық жанрларға корреспонденция, мақала, рецензия, баспасөз шолыўы ҳәм хатлар киреди.

Көркем публицистикалық жанрлар очерк, сүўретлеме, фельетон, памфлет ҳәм эпиграф сыяқлы түрлерден ибарат. Көркем публицистикалық жанрлардың тийкарғы өзгешеликлериниң бири образлылық болып табылады.

Мәмлекетимиздеги жәмийетлик-сиясий, экономикалық ҳәм социаллық турмыстағы өзгерислер, инсанияттың цивилизацияға қарай умтылыўындағы факторлар илим ҳәм техниканың раўажланыўына өз тәсирин тийгизиўи тәбийий. Соңғы ўақытлары журналистика тараўында түптен өзгерислер жүз берип, газета-журналлар бетлеринде таза жанрлар пайда болып атыр. Заманагөй журналистикаға кирип келген жанрлар қатарына «блицопрос», «анкета», «мониторинг», «рейтинг», «эксперимент», «эссе», «аналитикалық пресс-релиз» сыяқлы жанрларды айрықша атап көрсетиў орынлы.

Бүгинги күнде баспасөз жанрлары терең талықылаўды ҳәм салыстырмалы үйрениўди талап етеди. Себеби баспасөз материаллары көбинесе қурамалы формада жазылады. Әдетте бундай материалларға бир неше жанр элементлери ҳәм белгилер бирлескен формада келеди. Соның ушын да бундай бирлесиў усылларын «жанрлар синтези» деп атаў мүмкин. Әлбетте, жанрлар синтезинде бир неше жанр компонент сыпатында қатнасып, олардың биреўи доминант болады яғный жетекшилик қылады.

Журналистика жанрлары классификациясына улыўма сыпатлама бергенимизде ҳәр бир жанрдың өзине тән формалық ҳәм мазмунлық дәзилиси, қәсийетлери бар екелигине айрықша итибар бериўимиз керек.

Хабар жанрының информациялық мазмунының түрлерин: фактлер (фактологиялық, дескриптивлик информация), баҳалаўлар (баҳалаў, валюативлик информация), нормалар (нормативлик көрсетпе информация), бағдарламалар (бағдарламалық, усыныс сыпатындағы информация), нәзерде тутыўлар (болжаўлық, итималлық, превентивлик информация) сыяқлы элементлери арқалы ажыратып көрсетиў мүмкин. Анық бир қысқа хабарда усы атап көрсетилген информациялардың анаў ямаса мынаў түри басым келиўи, сондай-ақ, онда улыўма тек информацияның бир түриниң болыўы

мумкин. Нәтийжеде қысқа хабарлардың мазмунлық ҳәр қыйлылығы пайда болады.

Информациялық жанрлар топары заманагөй журналистикада жетекши орынды ийелейди. Информациялық жанрлар болған хабар, информациялық корреспонденция, информациялық есабат, информациялық интервью ҳәм репортаж ўақыялықты сәўлелендириўде өзине тән қәсийетлери, түрлери формалық ҳәм структуралық өзгешеликлери менен ажыралып турады.

Заманагөй журналististикада аналитикалық жанрлар ўақыялықты айдынластырыўда, таллаў усылы арқалы қубылысты сәўлелендириўде айрықша орын ийелейди. Аналитикалық жанрлар өз гезегинде бир неше киши топарларға бөлинеди. Атап айтқанда аналитикалық есабат, интервью, сораў-жуўап, гүрриңлесиў, комментарий (түсиник бериў), мақала, шолыў ҳәм тағы басқада түрлери өзине тән қәсийетлери ҳәм формалық өзгешелиги менен бир-биринен ажыралып турады.

Журналистикада аналитикалық есабаттың предмети, информациялық есабат сыяқлы арнаўлы түрде жыйналған адамлар топарының вербаллық жумысының нәтийжеси болып есапланады. Ҳәр қыйлы жыйналыслардың, мәжилислердиң, съездлердиң, слетлардың, конференциялардың қатнасыўшыларының шығып сөйлеўлери, баянатлары, сөзлери болып табылады. Бул предмет, журналист тәрепинен қысқа хабар, репортаж, корреспонденция жанрында да усы жанрларға тән усыллар, тил менен сәўлелендирилиўи мумкин. Бирақ, бул жағдай журналистиканың өз алдына жанры сыпатында аналитикалық есабат ҳаққында сөз жургизиўге кесент келтирмейди.

Интервью усылы арқалы алынған информация газета бетинде корреспонденция, есабат, мақала түринде берилип өзгертилиўи мумкин. Демек, бул информация жыйнаўда усы усылды пайдаланыў өз-өзинен интервью жанрын пайда етпейтуғынын аңлатады. Тек текстте усы усылды қолланыў барысында айқын көринген жағдайда ғана ол бундай материалдың

формасын диалоглық, сораў-жуўап түринде анықлаўы мумкин. Сонлықтанда текст ондағы усы басым келген белгилерине қарай интервью жанры деп аталыўы мумкин. Бирақ, анық бир интервьюди жанрлардың қайсы топарына – информациялық ямаса аналитикалық интервьюине киргизиў, интервью түринде баян етилген тексттиң мазмунына байланыслы болады.

Аналитикалық сораў-жуўап жанр сыпатында информациялық сораў-жуўап жанры менен айырым уқсас белгилерге ийе болады. Бул уқсаслық бәринен бурын усы жанрларға киргизилетуғын материаллардың мазмунының дәреги журналисттиң сораўларына жуўаплар болып табылатуғынында көринеди. Бунда, басқа да анаў ямаса мынаў жанрдағыдай тексттиң структурасы журналисттиң «респондентлерден» алынған жуўапларын баянлаў барысында дүзиледи.

Мақала жанрының предметин әҳмийетли жағдайларда ҳәм процесслерде болған қарама-қарсылықларда ҳәм машқалаларда жәнe оларды шешиў, тәртиплестириў шараятларында олардан келип шығатуғын ўазыйпаларда ҳәм жәмийетлик раўажланыўдың олар менен байланыслы болған тенденцияларында, перспективаларында, нызамлықларында көриў мумкин.

Ҳәзирги ўақытта баспасөзде мақала жанрының пайда болыўының салыстырма турақлы формалары бар. Ол бәринен бурын санааттың, аўыл хожалығының, исбилерменликтиң, мәденияттың, илимниң, билимлендириўдиң, бизнестиң, финанслардың ҳәм т.б. әҳмийетли әмелий машқалаларына қаратылады. Буны биз көбирек республикалық газеталар болған «Еркин Қарақалпақстан», «Вести Каракалпакстана» сыяқлы газеталар мысалында көриўимиз мүмкин. Әмелий аналитикалық мақалаларда анаў ямаса мынаў жумыс саласында, өндирис ҳәм тағы басқа тараўыларда шешилип атырған әмелий ўазыйпаларға байланыслы анық машқалалар, ўақыялар, ҳәрекетлер, жағдайлар таллап қарап шығылады.

Ғалаба хабар қуралларын шолыўдың басланғыш тарийхый формасы баспасөз шолыўы болды. Бул жанрдың пайда болыўы газета «өнимлериниң» көлеминиң кеңейиўи, газета ҳәм журналлардың ҳәр қыйлылығын түсиниўге умтылыў, олардың не жазып атырғанын, қалайынша ҳәм неге жазып атырғанын билиў, бул ҳаққында оқыўшыға гүрриң етиў менен байланыслы.

Аналитикалық жанрлар өз гезегинде ишки иерархиясына ҳәм бир неше ишки жанрларына ийе болады. Бул жанрлар  өзине тән қәсийетлери, структуралық дүзилиси менен бир-биринен ажыралып турады. Жәмийетлик әҳмийетке ийе болған процесслерди, жағдайларды, қубылысларды ҳәм оларды басқаратуғын нызамлықларды анализ етиў ҳәмде мәлим бир предметти аналитикалық додалаў аналитикалық жанрлар топарының ең әҳмийетли белгиси сыпатында көринеди.

Интернет тармағы коммуникацияның глобалласыўы ушын шексиз имканиятлар ашып берди ҳәм дуньядағы ең либерал системалардың бири болып, жеке тәртипте оның ҳеш қандай ийеси жоқ. Оның хызметин муўапықластырыўшы жалғыз системада жоқ екенлиги бәршеге мәлим. Дәстурий информация қуралларынан парықлы рәўиште ўақыт ҳәм аймақ шегарасы сыяқлы тусиниклери интернет ушын әҳмийетли емес.

Интернет журналистикасында дәстүрий ғалаба хабар қуралларында хызмет ететуғын барлық жанрларды көриўимиз мүмкин. Бирақ қағаз газета яки дәстүрий радио ҳәм телевидениеден онлайн журналистикасының бир қанша артықмашлықлары болғаны сыяқлы Интернет журналистикасының жанрларында да базы-бир өзине тән өзгешеликти, формалық ҳәм структуралық айырмашылығы болады.

Интернетте хабар жанры кең тарқалған ҳәм жийе қолланылатуғын ең оператив түри болып табылады. Айырым сайтларда жаңалықларға бағышланған арнаўлы рубрикалар бирнеше бөлимлердиң биринде фактлер берилсе, екиншисинде картина, үшиншисинде шолыў бериледи. Ал, төртинши бөлиминде болса, анализ ҳәм болжаўлар бериледи.

Интернет, Usenet жаңалықлар топары ҳәм электрон почта интервью алыў ушын кең имканиятлар ашып береди. Он-лайн журналистика өз спецификасына қарамастан журналистика, яғный жәмийетлик пикир ҳәм сана-сезимге тәсир етиў усылы болып қалады. Өз мақаласы предмети ҳаққында жеке эмоционал пикирге ийе болмаған журналистти көз алдымызға келтириў қыйын. Очерк ямаса аналитикалық шолыў усаған жанрлар ҳаққында айтпаса да болады. Бүгинги демократиялық пуқаралық жәмийетти қәлиплестириў барысында баратырған жәмийетимизде журналисттиң жууапкершилик дәрежеси күтә үлкен.

Интернет журналистикасында социологиялық резюме жанрыда жийе ушырасатуғын жанрлар қатарына киреди. Интернетте бул жанрды белсене пайдаланыўдың тийкарғы себеби, соңғы он жыллықларда сиясий турмыстың кутә ҳәуиж алыўы, оның халықтан сораў-жууап, интервьюлер алыў, анкета өткериў менен бирликте өтиўи болды. Социологиялық резюме қандайда бир социологиялық изертлеўлердиң жуўмақларын қысқа баянлаўдан ибарат болады.

Онлайн журналистикасында информация жыйнаў, бақлаў, интервью алыў, сораў-жууап ҳәм басқада усыллар менен бир қатарда анкета өткериў усылыда пайдаланылады. Анкета мағлыўматларын қайта ислеп шығыў нәтийжесинде өзине тән белгилерине ийе, оларды өз алдына жанрлық топарға бирлестириўге мумкиншилик беретуғын материаллар дөретиледи. Бул жанрдың атамасы тийкарғы жанр дөретиўши фактор болып ҳәрекет ететуғын мәлимлеме алыў усылының атамасынан қуралыўы мумкин. Басқаша айтқанда, бул жанр олда тийисли усылдың атамасынан өз атамасын алған «интервью» жанрының үлгиси бойынша «анкета» деп аталыўы мумкин.

Интернет веб-сайтларында «мониторинг» рубрикасында шығып атырған материаллар қандайда бир қубылысты белгили дәрежеде «бақлап барыў», белгили бир жумыс саласындағы параметрлерди системалы түрде

қайталанып туратуғын өлшеўлер тийкаында дөретилмекте. Мониторинг қандайда бир қубылысты, бәринен бурын усы қубылыстың ҳәзирги пайытта раўажланыў тенденциясын анықлайтуғын статистикалық мағлыўматлардың жыйнағы түринде көриў мумкиншилигин береди. Предметтиң усы атап көрсетилген өзгешеликлери, мақсетлери, материалларды таярлағанда ҳақыйқатлықты сәўлелендириў усыллары «мониторинг» түсиниги менен анықланып, Интернет журналистикасының өз алдына жанры сыпатында усы материаллардың характерин белгилейди.

Рейтинг жанрына киргизилетуғын интернет материалларының өз бетиншелигин анықлайтуғын тийкарғы жанр дөретиўши фактор болып мақсетли көрсетпе ҳәрекет етеди. Бундай түрдеги материаллардың мақсети қандайда бир белгиси бойынша бир-бирине уқсас қубылыслардың дәрежесин анықлаўды әмелге асырыўдан ибарат болады.

Рейтинг жанрының Интернет системасында кең таралыўы онлайн ғалаба хабар қураллары аудиториясының өзлери ушын әҳмийетли болған анаў ямаса мынаў салада бүгинги күни кимлер алда турғанын, баратырғанын билгиси келиўи менен тусиндириледи. Сайлаўшыларға, мәселен қандай сиясий ғайраткердиң алда баратырғаны, қайсысының сиясий турмыста изде қалғанын билиў әҳмийетли болады.

Ўақыялықты раўажландырыў ҳәм сәўлелендириў барысында Аналитикалық ҳәм көркем публицистикалық элементлерге, белгилерге ҳәм қәсийетлерге бай болған эссе Интернет системасына ең кеш кирип келген жанр сыпатында көрсетиўге болады. Бирақ солай болсада, көпшилик басылымлар сайтларында оның еле сийрек ушырасатуғынын айтыў керек. Эссениң Интернет системасында  тиклениўи, газета веб-сайтларында жаңаша мазмун, айрықшалық, жанрлық өзгешеликлердиң пайда болыўына тийкар жаратты.

Интернетте ең көп ушырасатуғын жанр сыпатында Пресс-релизди айтыў мүмкин. Газета веб-сайтларында пресс-релизлер қандайда бир

фирманың ямаса жеке адамның, мәселен депутатлыққа талабанның ылайықлы тәреплерин сәўлелендиретуғын хабар, мәлимлемелердиң жыйнағы сыпатында көзге тасланады. Радакцияға берилген ямаса келип түскен пресс-релизди редакция өз веб-сайтларында миннетли түрде жәриялайды дегенди аңлатпайды. Бәлким пресс релиз информацияның дәреклериниң бири ғана болыўы, ол редакция тәрепинен исбилерменлер дүньясында ямаса сайлаў мапазында бағдар алыў ушын пайдаланылыўы мүмкин.

Интернет континенти жүдә бай ҳәм бул оқыўшылар ушын таңлаў имканияты шексиз екенлигин билдиреди. Соның ушын қағаз газеталардан парықлы рәўиште, интернетте жаңалықлар илажы барынша оқыўшылардың оқыўы ушын қолай, излеген мағлыўматларды табыўы ушын аңсат тәризде берилиўине итибар қаратылады.

Интернетте хабарлардың жүдә көплиги себепли, тийкарынан, веб-сайтларында тек ғана олардың басқа бөлими бериледи, кейинги бөлимлеринде болса гипертекст арқалы жалғаў берилип қойылады. Буннан тийкарғы мақсет, көбирек мағлыўматларды сайтларға жайластырыў ҳәм оқыўшылардың итибарын қаратыў болып табылады. Айырым жағдайларда оншелли сенсациялық болмаған хабарларға олардың тек ғана рубрикаларын көрсетип қойыў арқалы да оқыўшыларды өзине қаратыў мумкин.

Интернет журналистикасында мақала жанры қандайда бир процесс яки ўақыя ҳәдийселердиң (сиясий, экономикалық, социаллық) әҳмийетке ийе тәреплерин аныќлап оларды анализ етиўге қаратылған болады. Ҳәр бир мақала жазылыўдан алдын оның мақсети оқыўшыларға қандайда бир әҳмийетли жағдайда жәрдем бериў ямаса актуал мәселелердиң шешимлери ҳаққында пикирлеў гипотеза етиў лазым. Онлайн журналистикасы ушын арналған мақалалар жазылыў мазмунына қарап төмендегише үш түрге бөлинеди:

- Улыўма изертлеў мақала
- Әмелий-анализли мақала

- Проблемалы ямаса тартысыўлы мақала

Улыўма айтқанда, Интернет системасында журналистика жанрлары жаңа типтеги онлайнға ғалаба хабар қуралларына жедел қәлиплесип атырғанлығын көриўимиз мүмкин. Әлбетте бул жанрлар Интернет журналистикасында да өзине тән қәсийетлери ҳәм өзгешелиги менен ажыралып турады.

# ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ


## I. Нызамшылық актлери ҳәм ҳүкимет қарарлары

1. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. –Т.: Ўзбекистон. 2001. –115 б.
2. Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы. –Н.: Қарақалпақстан. 1993. –112 б.
3. Тўртинчи ҳокимият: Ўзбекистон Республикасининг қонунлари, қарорлари ва бошқа ҳужжатлари тўплами. –Т.: Меҳнат. 2003. –186 б.
4. Компьютерлаштиришни ривожлантириш ва информацион-коммуникация технологияларини жорий этиш ҳақида. ЎзР Президентининг ПФ-3080 Қонуни. «Халқ сўзи», 2002. 30 май.
5. Компьютерлаштиришни ривожлантириш ва информацион-коммуникация технологияларини жорий этиш ҳақида. ЎзР Вазирлар маҳкамасининг қорори. «Халқ сўзи», 2002. 8-июнь.
6. «Оммавий ахборот воситалари тўғрисида»ги Қонуни 1997 йил 12 декабрь.

## II. Президент Ислам Каримов мийнетлери

1. Каримов И.А. Ўзбекистон: миллий истиқлол, иқтисод, сиёсат, мафкура. Т.I. –Т.: Ўзбекистон. 1996. –364 б.
2. Каримов И.А. Биздан озод ва обод Ватан қолсин. Т.II. –Т.: Ўзбекистон. 1996. –380 б.
3. Каримов И.А. Ватан саждагоҳ каби муқаддасдир. Т.III. –Т: Ўзбекистон. 1996. –366 б.
4. Каримов И.А. Бунёдкорлик йўлидан. Т.IV. –Т.: Ўзбекистон. 1996. –349 б.
5. Каримов И.А. Янгича фикрлаш ва ишлаш – давр талаби. Т.V. –Т.: Ўзбекистон. 1997. –384 б.

6. Каримов И.А. Хавфсизлик ва барқарор тараққиёт йўлида. T.VI. –Т.: Ўзбекистон. 1998. –429 б.
7. Каримов И.А. Биз келажагимизни ўз қўлимиз билан қурамиз. T.VII. –Т.: Ўзбекистон. 1999. –410 б.
8. Каримов И.А. Озод ва обод ватан, эркин ва фаровон ҳаёт – пировард мақсадимиз. T.VIII. – Т.: Ўзбекистон. 2000. –528 б.
9. Каримов И.А. Ватан равнақи учун ҳар биримиз маъсулмиз. T.IX. –Т.: Ўзбекистон. 2001. –432 б.
10. Каримов И.А. Хавфсизлик ва тинчлик учун курашмоқ керак. Т. Х. –Т.: Ўзбекистон. 2002. –432 б.
11. Каримов И.А. Биз танлаган йўл – демократик тараққиёт ва маърифий дунё билан ҳамкорлик йўли. Т. XI. –Т. Ўзбекистон. 2003. –320 б.
12. Каримов И.А. Ўзбекистон XXI аср бўсағасида: хавфсизликка таҳдид, барқарорлик шартлари ва тараққиёт кафолотлари. –Т.: Ўзбекистон. 1997.
13. Каримов И.А. Ўзбекистон буюк келажак сари. –Т.: Ўзбекистон. 1998.
14. Каримов И.А. Юксак маънавият – енгилмас куч. – Т.: Маънавият. 2008.

## III. Илимий-теориялық әдебиятлар

1. Ворошилов В.В. Журналистика. СПБ. Издательство Михаилова, 1999.
2. Бакулев Г. Будущее Интернет телевидение. Москва, 2003.
3. Засурский Я.Н. Искушение свободой. Российская журналистика в 1990-2004 г.г. МГУ, 2004.
4. Журбина Е.И. Повесть с двумя сюжетами.-М.: «Сов. Писатель», 1979
5. Интернет-журналистика (Интернет радио ҳәм телевидение). Илимий мақалалар топламы. Ташкент, 2005
6. Интернет для журналиста. Москва, Медиа-Союз, 2001.
7. Калмыков А.А., Кохонова Л.А. Интернет-журналистика. Москва, Юнити, 2005.

8. Кастелы М. Галактика Интернет. Екатеринбург. У-Фактория, 2004.
9. Кихтан В.В. Информационные технологии в журналистике. – Ростов н/Д: Феникс. 2004.
10. Крупнов А.И. Интернет-справочная книга руководителя. Москва, Фиорд. Известия, 1998.
11. Мўминов Ф.А. Журналистика ижтимоий – институт сифатида. Ташкент, ТашДУ, 1998.
12. Mc Luhan G.M. Understanding Медиа, New York, 1984.
13. Наумов В.Б. Право и Интернет: очерки теории и практики. Москва, Университет-Книжный дом. 2002.
14. Прохоров Е.П. Искусство публицистики. Размышление и разборы.-М.: «Мысль», 1984.
15. Тоғаев О. Публицистика жанрлари.-Т: Ўқитувчи, 1976.
16. Тертычний А.А. Жанры периодической печати. Учеб. пособие. – М.: Аспект Пресс. 2000.
17. Работа с письмами в редакции./Под ред. С.М. Гуревича.-М.:1991.-19-с.
18. Рашидов Д.К. Информационные технологии и интерактивное Интернет Журналистика. Ташкент. ТашГУ. 2003
19. Рашидов Д.К. Интернет в Узбекистане: возможности и проблемы. Ташкент, Заркалам. 2003.
20. Рашидова Д. Муратова Н. Интернет журналистика.-Т.: 2007.
21. Лагутко А. Интерактивное объемное телевидение. Москва, 2005.
22. Лежун Цзя. Интернет и китайские онлайновые СМИ. – М.: МГУ. 2004.
23. Скотт Э. Компьютерные технологии в журналистика. – М.: Наука. 1999.
24. Спорышев Р. Интерактивное телевидение. Москва, 2001.
25. Черепахов М.С. Таинство мастерства публициста.-М: «Мысль», 1989.
26. Худайқулов М. Оммавий ахборот воситалари назарияси.-Т.: Университет. 1999.

27. Эрназаров Қ. Ва бошқ. Репортёрлик фаолиятининг назарияси ва амалиёти.-Т.: Ўз.МУ 2002;

## IV. Диссертация ҳәм авторефератлар

1. Абдумуратов А.У. Публицистика Тулепбергена Кайипбергенова: специфика, тематика, жанрово-стилистические особености. Автореф. дисс. ... канд.филол.н. –Т.: Ан РУз. 1997. –18 с.
2. Алламбергенова П.Қ. Қорақалпоғистон телевидениесининг жанрлари: мавзулар, журналистик ёндашув ва ривожланиш тамойиллари (2000-2007 йиллар). Филол.ф.н. ...дисс. автореф. –Т.: ЎзМУ. 2007. –24 б.
3. Бекбаулиев Д.О. Давлат мустақиллиги йилларида Қорақалпоғистон даврий матбуоти (1991-1994 й.й.) Тарих ф.н. ... дисс. автореф. –Т.: ТошДУ. 1997. –23 б.
4. Кожикбаева З.А. Художественной очерк в современной каракалпакской литературе (1980-1990-е году) Автореф. дисс. ... канд.филол.н. –Н.: КГУ. 1998.
5. Палўанов Б.Н. Ҳозирги Қорақалпоқ адабиётида эссе жанри (Жанрнинг пайдо бўлиши ва шаклланиши, маҳорат масалалари). Филол.ф.н. ...дисс. автореф. –Н.: ҚҚДУ. 2007. –22 б.
6. Юсупов К.А. Образ Айдос бия в Каракалпакской литературе. Автореф. дисс. … канд.ф.н. – Н.: ККГУ. 2002. – 18 с.

## V. Газета-журналлар

1. Ерманов Е. «Шортанбай» менен «Кердер» салы орағын жуўмақлады. // Еркин Қарақалпақстан. 2004. 9-ноябрь.

2. Мәмбетов К. Өзбек алымлары Әмир Темур, Әмир Едиге ҳәм оның әўладлары ҳаққында. // Еркин Қарақалпақстан. 1996. 26-март.

3. Тилеўмуратов Б. Тексериўлердиң нәтийжелиги ҳәм сапасы арттырылады. // Еркин Қарақалпақстан. 2008. 27-декабрь

4. Иванова А. Ташкенттиң экономикалық ҳәм инвестициялык потенциалы. // Еркин Қарақалпақстан. 2009. 31-январь

5. Қаллыханова Л. Студентлер олимпиядасы жеңимпазлары. // Қарақалпақстан жаслары. 2010. 27-март.

6. Жақсымуратова.А. Китапхана имканиятлары. // Қарақалпақстан жаслары. 2010. 7-январь.

7. Иванова А., Ҳасанов Ғ.  Демократиялық сайлаўлар: пуқаралық жәмийет институтларының орны. // Еркин Қарақалпақстан. 2009. 22-сентябрь.

8. Ережепов М. Мумия Орайлық Азия Мумиясының емлик қәсийетлери ҳәм оннан пайдаланыў жоллары
// Еркин Қарақалпақстан. 2009. 10-январь

## VI. Интернет сайтлар.

(www.washingtonpost.com)

(http://www/sgzt/com)

(http://ng/ru/)

(www.rian.ru)

(www.reuter.com)

(www.yaqoo.com)

(www.bbc.co.uk)

(www.voa.com)

(www.cnn.com)

(www.bbc.co.uk )

(www.1tv.ru)

(www.inosmi.ru)

(www.cac.org)

( http://www.internetworldstats.com)

(http://www.mtrk.uz)